**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика кафедрасы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема: «Жынаят процессинде тергеў топары баслығының ўәкилликлери»**

**Орынлаған:** **Абдуназаров Алишер**
тарийх-ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **И.А.Матжанов**
«Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика» кафедрасы доценти ў.а., юридика илимлериниң кандидаты

Питкериў қәнигелик жумысы кафедрада алдын ала қорғаўдан өтти.
(2014 жыл _ _________ _- баяннамасы)
Кафедра баслығы____________ С.Ш.Утемуратова

**Нөкис-2014.**

**РЕЖЕСИ………………………………………………………………….2**

**КИРИСИЎ………………………………………………………………..3**

**I-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ ҚАТНАСЫЎШЫ ШАХСЛАР……………………………………………...10**

1.1. Дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслар ҳәм олардың улыўма сыпатламасы…………………………………………10

1.2. Дәслепки тергеўде лаўазымлы шахс есапланбаған қатнасыўшылардың ҳуқықый жағдайы ҳәм процессуал функциялары……………………………..23

1.3. Тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлиги, тергеўши ҳәм бақлаўды әмелге асырыўшы прокурордың өз-ара қатнасларының этикалық өзгешеликлери……………………………………………………………...38

Биринши бап бойынша жуўмақлаў……………………………………..45

**II-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ТЕРГЕЎ ТОПАРЫ БАСЛЫҒЫНЫҢ ПРОЦЕССУАЛ ҲАЛАТЫ ҲӘМ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ………………………………………………………...48**

2.1. Тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты…………………………48

2.2. Тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери ҳәм оны әмелге асырыў тәртиби……………………………………………………………..53

Екинши бап бойынша жуўмақлаў………………………………………61

**ЖУЎМАҚЛАЎ………………………………………………………….64**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ…………………………...70**

## Кирисиў

**Теманың актуаллығы**. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010 жыл 12 ноябрдеги қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянатында «Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды» деп келтирип өткен еди[1]. Ҳақыйқатында да, нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўда ҳуқық қорғаў уйымлары айырықша орын тутады ҳәм ҳәзирги дәўирде

---

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

мәмлекетимизде ҳуқық қорғаў уйымлары системасын жетилистириўде бирқатар нәтийжели ислер әмелге асырылмақта.

Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, экономика тараўында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм қурамлы өзгерислер нәтийжесинде мәмлекетимизде жәҳән базарындағы бәсекиге шыдамлы өнимлер ислеп шығарыла баслады. Бул болса экономикалық жақтан жетилисип, халықтың жасаў дәрежесиниң сыпатын жоқарылап бармақта[1].

Өзбекстан Республикасында әмелге асырылып атырған реформалар социаллық-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений турмыстың барлық салаларын қамтып алды. Ақырғы мақсети ҳуқықый демократиялық мәмлекетти қурыў болған бул реформалар мәмлекетимиздиң суд-ҳуқық системасына да сезилерли тәсир көрсетти. Суд-ҳуқық реформасы ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў процессиниң ажыралмас қурам бөлеги болып табылады, себеби бул тараўда реформа өткерместен мәмлекетте нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимият тармақлары менен тең, бийғәрез, күшли суд ҳәкимиятын жүзеге келтириў мүмкин емес.

Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми,

---

[1] Каримов И.А. Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў-жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы // Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 21 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты / 2013-жыл 6 декабрь. – Т.: Ўзбекистон, 2013.

абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды[1].

Белгили болғанандай, жынаятшылыққа қарсы гүрес ҳуқық қорғаў уйымларының баслы ўазыйпасы болып табылады ҳәм бул жолда нәтийжелерге ерисиўде ҳәр бир ҳуқық қорғаў уйымы қолда бар имканиятлардан пайдаланыўы лазым. Лекин, айырым жынаятлар өзиниң кең көлемлилиги, қурамалылығы ҳәм қыйынлылығы менен ажыралып турыўы мүмкин. Бундай жағдайларда, яғный, жынаят иси көп мийнетти талап етсе, жынаят иси қурамалы, жүдә әҳмийетли болса, прокурор яки тергеў бөлимшесиниң баслығы тап усы ис бойынша дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыўы мүмкин. Бирақ, бул тараўда еле шешимин күтип жатқан айырым мәселелер бар, яғный, тергеў топары баслығының топар ағзасы болған тергеўшиге ҳәкимшилик-ҳуқықый тәсир етиў тәртиби. Бул болса, өз гезегинде, илимий жумыстың әҳмийетлилигин белгилеп береди.

**Теманың үйренилгенлик дәрежеси.** Жынаят процессинде тергеў топары баслығының процессуал ўәкиллигин жетилистириў мәселелери мәмлекетимиздиң ҳәм сырт еллердиң бирқатар илимпазлары тәрепинен үйренилип шығылған. Жынаят процессинде тергеў топары баслығының ўәкилликлериниң процессуал тәреплери мәмлекетимиздиң юрист-

[1] Каримов И.А. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. // Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты / «Еркин Қарақалпақстан». 16-ноябрь, 2010-жыл. №137.

илимпазлары есапланған: Ғ.Абдумажидов, З.Ф.Иноғомжонова, Д.Исмоилов, Б.Х.Пӯлатов, Р.А.Рустамов, Г.З.Тулаганова М.А.Усманов, Б.Б.Хидоятов, Б.Э.Эшмуратов ҳәм басқалар тәрепинен үйренилип шығылған[1].

Жынаят процессинде тергеӯ топары баслығының проессуал ӯәкилликлери ҳаққынағы мәселеге сырт ел алымлары есапланған Ю.Н.Белозоров, Р.Б.Белкин, О. Изотова, Г.С.Казинян, Л.М.Карнеева, Н.А.Колоколов, В.В.Рябоконь, А.В. Солодилов, Г.П. Химичева, В.Н.Шпилев ҳәм басқалар өз итибарларын қаратқан[2].

Бул алымлардың мийнетлеринде жынаят процессинде тергеӯ топары баслығының процессуал ӯәкилликлерин илимий талқылаӯ ҳәм жетилистириӯ бойынша пикир ҳәм усынислар келтирип өтилген. Дәслепки тергеӯди алып барыӯшы тергеӯ топары баслығының процессуал ҳалаты ҳәкимшилик-ҳуқықый жағдайы, тергеӯ топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеӯшиге тиккелей басшылық етиӯи ҳәм оның көрсетпелерине орынлаӯы

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009; Жиноят процесси (умумий қисм): юридик институт ва факультетлари талабалари учун дарслик (Иноғомжонова З.Ф.нинг умумий тахрири остида.).-Т.:ТДЮИ,2008; Тулаганова Г.З. Тергов ҳаракатлари ва мажбурлов // Ж. Адвокат. 2007. 2-сон. – Б. 14-17; Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79; Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ, 2009. – Б. 252-254.; Усманов М.А. Сўриштирув ва дастлабки тергов босқичларида фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларига риоя этилиши устидан прокурор назоратининг аҳамияти ҳамда вазифалари // Ёш олимлар илмиий мақолалари тўплами. 1/2010. – Т.: ТДЮИ, 2010. – Б, 205.; Эшмурадов Б.Э., Рустамов Р.А. Ҳуқуқни муҳофаза қилувчи органларнинг инсон ҳуқуқлари ва эркинликларини таъминлаш борасидаги фаолиятининг ҳуқуқий асосларини такомиллаштириш масалалари // «Ҳуқуқдаги бўшлиқлар ва уларни бартараф этиш муаммолари» мавзусидаги Республика илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 374.; Хидоятов Б.Б. Следственные действия, проводимые в уголовном процессе: учебное пособие. – Т.: Издательство ТГЮИ, 2006.- Б. 194. ҳ.т.б.

[2] Уголовный процесс: учебник. Под. ред. Л.М.Карнеева. - М.: Юридическая литература, 1980. – Б. 237.; Зорин Г.А. Теоритические основы криминалистики. – Минск: Амалфия, 2000.; Казинян Г.С., Соловьев А.Б. Проблемы эффективности следственных действий. – Ереван, 1987.; Белозеров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий. – М., 1990.; Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действии и решениями прокурора и органов расследования, ограничивающими конституционные прав и свобод граждан в уголовном процессе России // Дисс… канд… юрид… наук. по спец.: 12.00.09. – М.: 1998. – Б. 25.; Химичева Г.П. Концептуальные основы процессульного контроля и надзора на досудебных стадиях уголовного судопроизводства. – М.: ЮНИТИ-ДАНА. Закон и право. 2004. – 210 с.; Колоколов Н.А. Судебный контроль в стадии предварительного расследования: реальность и перспективы. // Государство и право. 1998. №3. –Б. 31-39; Изотова О. Обжалование в суд следственных действий // Законность. 1996. -№8. –Б. 46; Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 51.; Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997; ҳ.т.б.

мәжбүрияты бул алымлардың илимий изертлеӯ объектлери болып есапланған.

**Питкериў қәнигелик жумысының мақсети**. Жынаят-процессуал кодексинде жынаят ислеринде ҳақыйқатты анықлаўды тәмийнлеўдиң ҳәм жынаят процессинде оперативлиликти тәмийинлеў мақсетинде тергеў институты ҳәм техника-технологияны дәслепки тергеў барысында пайдаланыў жетилистирилди. Себеби пән-техника раўажланыў жетискенликлерин ҳуқықты қорғаўшы органлар искерлигинде кең турде енгизиў, жынаят ислерин көриў сыпатын асырады жынаятқа тийисли дәлиллерди өз ўақтында қолга киритиў, жынаят садыр еткен шахсларды тез анықлаў ҳәм әшкар етиў имканиятын береди, жынаят суд ис журитиўи алдына қойылған мақсетлерге ерисиўди тамийнлейди. Бугинги кунде сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд искерлигинде тергеў ҳәрекетлерин шөлкемлестириўшилик ҳәм көпшилик болып кең пайдаланылмаған ҳалда қурамалы жынаят ислерин ашыўды көз алдымызға келтирип болмайды. Сонлықтанда, суд-тергеў әмелиятында айырым қурамалы ислер тергеў топарына тапсырылады. Өз гезегинде, тергеӯ топары ҳәм оның баслығының процессуал ҳалатын үйрениӯ дәслепки тергеӯдиң теориялық тийкарлары ушын әҳмийетли саналады. Сол тийкарда, питкериӯ қәнигелик жумысының мақсети тергеӯ топары баслығының процессуал ҳалатын үйрениӯ, оның ӯәкилликлерин талқылаӯ ҳәм тергеӯ топары баслығы менен топар ағзаларының процессуал қатнасықларын талқылаӯ болып саналады.

Питкериў қәнигелик жумысының мақсетине муўапық, төмендегише **ўазыйпалар** қойылады:

- дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслар ҳәм олардың улыўма сыпатламасын көрсетип өтиӯ;

- дәслепки тергеўде лаўазымлы шахс есапланбаған қатнасыўшылардың ҳуқықый жағдайы ҳәм процессуал функцияларын талқылаӯ;

- тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлиги, тергеўши ҳәм бақлаўды әмелге асырыўшы прокурордың өз-ара қатнасларының этикалық өзгешеликлерин үйрениў;

- жынаят процессинде тергеў топарының әҳмийетин ҳәм әмелий ўазыйпасын үйренип шығыў;

- тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери ҳәм оны әмелге асырыў тәртибин көрип шығыў;

- тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлерин кеңейиттириў бойынша әмелдеги Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекси нормаларына өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында усыныслар келтириў ҳәм оларды илимий тийкарлаў.

**Питкериў қәнигелик жумысының предмети** тергеў топары баслығының процессуал ҳалатын үйрениў, оның ўәкилликлерин талқылаў ҳәм тергеў топары баслығы менен топар ағзаларының өз-ара процессуал қатнасықларын ҳуқықый тәртипке салыў дәўиринде келип шығатуғын процессуал-ҳуқықый қатнасықлар болып табылад.

**Питкериў қәнигелик жумысының теориялық тийкарлары.** Питкериў қәнигелик жумысы Өзбекстан Республикасы Президентиниң мийнетлерине, Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексине, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексине, әмелдеги нызамшылыққа ҳәм темаға тийисли болған арнаўлы әдебиятларға тийкарланған ҳалда исленди.

**Питкериў қәнигелик жумысының дүзилиси.** Питкериў қәнигелик жумысы кирисиўден, еки баптан ҳәм жуўмақлаў бөлиминен ибарат.

Кирисиў бөлиминде илимий истиң актуаллығы, илимий изертленгенлик дәрежеси, истиң мақсет ҳәм ўазыйпалары, питкериў қәнигелик жумысының предмети, теориялық тийкарлары ҳәм дүзилиси келтирип өтиледи.

Биринши бап жынаят процессинде дәслепки тергеўде қатнасыўшы шахсларға арналып, бул бапта дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслар ҳәм олардың улыўма сыпатламасы, дәслепки тергеўде лаўазымлы шахс есапланбаған қатнасыўшылардың ҳуқықый жағдайы ҳәм процессуал функциялары ҳәм тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлиги, тергеўши ҳәм бақлаўды әмелге асырыўшы прокурордың өз-ара қатнасларының этикалық өзгешеликлери үйренледи.

Екинши бап жынаят процессинде тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты ҳәм ўәкилликлерине арналып, бул бапта тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты ҳәм тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери ҳәм оны әмелге асырыў тәртиби, сондай-ақ оның ўәкилликлерин жетилистириў мәселелери илимий жақтан талқыланады.

Жуўмақлаў бөлиминде илимий ис нәтийжеси тийкарында пикир ҳәм усыныслар келтирип өтиледи.

# I-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ ҚАТНАСЫЎШЫ ШАХСЛАР

## 1.1. Дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслар ҳәм олардың улыўма сыпатламасы

Пуқаралық жәмийетине өтиў процессинде ҳарқандай мәмлекетлик орган ҳәм лаўазымлы шахс өз ўазыйпасын жуўапкершилик пенен орынлаўы әҳмийетли саналады. Мәмлекетимиз басшысы тәрепинен әмелге асырылып атырған реформалар процессинде нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў мәселеси болса, өз гезегинде, ҳуқықый тәртипке унамлы тәсир етеди. Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов өз мийнетлеринде «… прокуруратура халыққа хызмет қылыўы дәркәр, прокуратура ўәкилликлериниң шегарасын, оның ис-хызметин жетилистириўдиң тийкарғы бағдарларын әне усы көз-қарастан келип шыққан ҳалда белгилеў зәрүр» екенлигине айрықша тоқтап өтти[1]. Себеби, «барлық пуқаралардың нызам алдында ҳуқықый теңлиги ҳәм нызамның үстинлиги, жәмийет мәплериниң қорғалыўы ҳәм халықтың қәўипсизлигини кепиллейтуғын ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириў, нызамлылық үстин болмаса, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлери, интизам, тәртип, жуўапкершилик үстин болмаса, нызамлар ҳәм дәстүрлер ҳүрмет қылынбаса, ҳуқықый мәмлекетти қурып болмайды»[2]. Әлбетте, бул орында прокуратура органларының роли әҳмийетли болып табылады.

Дәслепки тергеўди Өзбекстан Республиксының Ишки ислер министрлиги, Прокуратурасы ҳәм Миллий қәўипсизлик хызмети тергеўшилери әмелге асырады. Жынаят процессинде дәслепки тергеў субъектлери – булар дәслепки тергеўди шөлкемлестириўши ҳәм оны әмелге асырыўшы лаўазымлы шахслар болып есапланады. Бундай лаўазымлы

[1] Каримов И.А. Адолат – қонун устуворлигида. // Халқ сўзи. 2001 йил. 30 август.
[2] Каримов И.А. □збекистон буюк келажак сари. – Т.: □збекистон, 1998. – Б. 16.

шахслар қатарына төмендегилер киреди: прокурор (Жынаят-процессуал кодексиниң 33-34 статьялары); тергеўши (Жынаят-процессуал кодексиниң 35-36 статьялары); тергеў басқармасы, бөлими, бөлимшеси, топары баслығы ҳәм оның орынбасарлары (Жынаят-процессуал кодексиниң 37- статьясы)[1].

Дәслепки тергеўди алып барыўда кеңирек ўәкилликлерге ийе лаўазымлы шахс – прокурор болып есапланады. Прокурордың дәслепки тергеўди алып барыўы тийкарынан еки түрли формада әмелге асырылады:

- дәслепки тергеўди прокурордың жеке өзи алып барыўы;
- дәслепки тергеўди прокурордың бақлаў арқалы алып барыўы[2].

Прокурордың жынаят процесиндеги ең тийкарғы ўазыйпасы – дәслепки тергеўдиң нызамлы, сапалы, анық ҳәм бирқыйлы орынланыўын бақлаў ҳәм тәмийинлеў болып табылады[3]. Бул бойынша проф. Б.Х.Пўлатов айтып өткениндей, дәслепки тергеў органлары тәрепинен нызамшылыққа ҳәм жынаят процесси нормаларына сәйкеслендириўде мәлим дәрежеде прокурор бақлаўының салмағы, оның нәтийжжелилиги бақлаўдың туўры шөлкемлестирилиўи менен белгиленеди[4].

Улыўма алғанда, дәслепки тергеўде прокурорлық бақлаў тергеў мазмунынан объектив түрде келип шығады. Дәслепки тергеўдиң нызамлылығын тәмийинлеў бул процессуал ҳәрекетлердиң ең әҳмийетли ҳәм зәрүр және шәртли белгилериниң бири болып есапланады. Дәслепки тергеўге процессуал басшылық етиў сыяқлы прокурорлық бақлаў да белгили дәрежеде тергеўге басшылық етиўдиң өзине тән формасы болып табылады. Координация, есапқа алыў сыяқлы басқарыў элементлери прокурорлық бақлаўдың негизин қураўшы қурам бөлеклери болып есапланады. Прокурордың басқарыў функцияларын атқарыўы жынаят-процессуал

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 65-71.
[2] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ, 2009. – Б. 252-254.
[3] Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 51.
[4] Усманов М.А. Сўриштирув ва дастлабкт тергов босқичларида фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларига риоя этилиши устидан прокурор назоратининг аҳамияти ҳамда вазифалари // Ёш олимлар илмиий мақолалари тўплами. 1/2010. – Т.: ТДЮИ, 2010. – Б, 205.

нызамда көзде тутылған оның тергеўдеги ҳуқық ҳәм миннетлери, ўәкилликлери менен тәмийинленеди.

Прокурор дәслепки тергеўдиң нызамлылығы үстинен бақлаўды әмелге асырады. Бул оның дәслепки тергеў даўамында өткерилген ҳәрбир тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлер ҳаққында ҳүжжетлердиң мазмуны ҳаққында толық мағлыўмат алыўын көзде тутады, себеби, ҳәрбир тергеў ҳәрекети өткерилгенлиги ҳаққындағы қарар нусхасы шәртли рәўиште тергеўди бақлаўшы прокурорға жиберилиўи тийис. Прокурор тергеўшиниң ҳәм сорастырыў органының ис бойынша ең әҳмийетли процессуал шешимлерин анық билиўи тийис, бул оған тергеўшиниң тергеўди ҳәр тәрпелеме, объектив ҳәм толық жүргизгенине баҳа бериўге, қабыл етилген шешимлердиң дурыс ҳәм нызамлылығы туўралы жуўмақ шығарыўға жәрдем береди. Мағлыўматлар прокурорға аўызша да (тергеўши, тергеў бөлими баслығы баянламалары), жазба да – гейпара процессуал ҳүжжетлердиң көширмеси түринде де (жынаят исин қозғатыў ҳаққында қарарлар, оны өндириске қабыл етиў, шахсты айыпланыўшы сыпатында иске тартыў ҳ.б. туўралы қарарлар) келип түседи. Бул ҳүжжетлер прокуратураның ҳәр бир жынаят иси бойынша айырықша өндирисинде топланады. Бундай өндиристиң болыўы еки мақсетти гөзлейди: а) прокурорға қәлеген ўақытта тергеўшиниң тийкарғы шешимлерин ҳәм ҳәрекетлерин тексериўге, тергеў барысын қадағалаў ҳәм баҳалаўға, сондай-ақ дәслепки тергеўди нәтийжели шөлкемлестириўге жәрдем береди; б) тергеўшини тәртипке салады, оның қабыл етилип атырған шешимлер ушын жуўапкершилигин күшейтеди[1].

Прокурорлық бақлаў дәслепки тергеўге процессуал басшылық етиўден ажыралмайды, себеби тергеўшиниң нызамды сақлаўын тексериў тергеў дүзилисиниң дурыс анықланғанлығын, тергеў ҳәм басқа да ҳәрекетлердиң жүргизилиўин тексериўди де өз ишине алады. Аўыр, оғада аўыр жынаятлар исленген жағдайда прокурор Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының

[1] Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 54-57.

ҳәрекеттеги көрсетпелерине муўапық ўақыя орнына жеке өзи жетип келиўи ҳәм көзден өткериўжи шөлкемлестириўи, тергеўдиң дурыс бағдарын таңлап алыўға жәрдем бериўи лазым. Оның дәслепки тергеў ҳәрекетлеринде қатнасыўы оларды шөлкемлестириўди ҳәм өткериўди аңсатластырады.[1]

Нызамда прокурорға тергеўди бақлаў, оған басшылық етиў бойынша кең ўәкилликлер берилген. Прокурор тергеўшилерден ҳәм сорастырыў органларынан жынаят ислерин ҳәм материалларын тексериў ушын талап етип алады, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў барысын тексереди. Ол қәлеген ўақытта тексериў ушын жынаят исин талап етип алдырыўы, тергеўшини, тергеў бөлими баслығын ямаса сорастырыў органы баслығын жүргизилген тергеў, оны шөлкемлестириў туўралы тыңлаўы мүмкин; жынаят иси материалларын үйрене отырып, ол бәринен де бурын тергеўшиниң тергеў дүзилисин дурыс анықлағанлығын бақлайды; тергеўшиге оған өзгерислер киргизиўди усыныс етиўи мүмкин. Зәрүр жағдайларда прокурор жазба көрсетпелер береди, тергеўде қатнасады ямаса оны толығы менен жүргизеди. Тергеўде прокурор қатнасыўы оның дәслепки басқышы менен шекленбейди. Прокурор қәлеген тергеў ҳәрекетин шөлкемлестириў ҳәм жүргизиўде қатнасыўы мүмкин. Әдетте бул қыйын жуўапкерли ҳәрекетлер: ўақыя орнын көзден кешириў, айыпланыўшыдан сораў алыў. Прокурордың жеке өзи көбинесе айыпланыўшыдан бас шарасын белгилеў ҳаққында судқа усыныс етпестен бурын айыпланыўшыдан сораў алады; усы ўақытта көбинесе тергеў жағдайы туўралы тергеўшини тыңлайды, өткерилген тергеў ҳәрекетлериниң нәтийжесин тексереди, топланған дәллирге баҳа береди. әдетте, усы дәўирде ол жынаят иси бойынша көрсетпелер береди; олар көбинесе тергеў жобасын, шөлкемлестириўдиң басқа да элементлерин өзгертеди. Бул болса, өз

[1] Давлетов А. Прокурорский надзор. – Нукус, Билим, 1999. – Б. 30-36.

гезегинде, прокурордың дәслепки тергеўди алып барыўдағы белсендилигинен дерек береди[1].

Айтып өтитўимиз тийис, прокурордың дәслепки тергеўдиң басланыўынан ақырына шекем ямаса оның бир бөлегин жеке өзи жүргизиўи айырықша жағдай. Бул тергеўди прокурор сапасыз деп тапқан жағдайда жүз береди. Тергеў дүзилисин прокурордың өзгертиўи ис бойынша көрсетпелер бериў жолы менен шекленбейди. Тергеўшиниң нызамсыз ҳәм тийкарсыз қарарларын анықлаған прокурор оларды бийкарлайды. Бийкарлаў туўралы қарарда көбинесе буннан кейинги тергеў ҳәрекетлери туўралы көрсетпелер болады[2].

Атап өтилген ҳәм басқа да прокурор көрсетпелери тергеўди муўапықластырыў ушын үлкен әҳмийетке ийе. Оның профессионал дәрежеси, әдетте, жоқары. Бул прокурорға истиң көзин билип шөлкемлестириў мәселелерин үйрениўге ҳәм оларды шешиўде белсенди қатнасыўға жәрдем береди.

Прокурор тергеў-оператив топарын дүзиў мәселесин шешеди. Бул оның тергеўдеги барлық ҳәрекетлерди муўапықластырыў ўәкиллигинен келип шығады.

Дәслепки тергеў ҳәр тәреплеме объектив ҳәм толық болыўы ушын прокурор бақлаўы менен тәмийинлениўи тийис. Прокурор бақлаўы тергеў яки басқа процессуал ҳәрекеттиң мазмунын, тактикалық операцияны яки улыўма жынаят исин, оның нызамлылығын ҳәм тийкарланғанлығын үйрениўди өз ишине алады. Тергеў ҳәрекетиниң нызамлылығын анықлаў оның мазмунын изертлеўден ҳәм баҳалаўдан ажыралмайды. Солай етип, тергеў сапасы ҳәр қашан да прокурор бақлаўына байланыслы болады. Бул -

---

[1] Бул ҳаққында толығырақ қараң: Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 55-58; Пўлатов Б.Х. Судларда жиноят ишлари кўрилишида прокурорнинг процессуал фаолияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: NISIM, 2004. – Б. 89-93; Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ,2009. – Б. 252-255.

[2] Пособие для следователя: расследование преступлений повышенной общественной опасности. – М.: Издательство «Лига-разум», 1999. – Б. 21-29.

нызамлылық ҳәм объектив шынлық. Оны бузыў – демек, өз-ара байланысқан еки элементке де зыян келтириў болып есапланады: дәслепки тергеўге де, прокурор бақлаўына да. Бул байланыс толығы менен дәслепки тергеўди шөлкемлестириўде пайдаланылыўы лазым.

Нызамға муўапық прокурор жынаятшылыққа қарсы гүресте ҳуқық қорғаў органларының жумысларын муўапықластырады ҳәм ретлестиреди. Бул реже жынаят-процессуал нызам талабы менен бир қатарда прокурорды өз-ара бирге ислесиўдеги орайлық фигуралардың бирине айландырады. Ол тергеўши менен сорастырыў органының бирге ислесиўин қадағалайды, тергеўшиниң дәслепки тергеўдеги барлық ҳәрекетлерин сапалы муўапықластырыўын бақлайды. Ишки ислер органларында тергеўшилерге тиккелей процессуал басшылықты тергеў бөлими баслықлары әмелге асырады. Лекин атап өтиў керек, прокурор бақлаўы ҳәр бир жынаят иси бойынша прокурордың (яки оның орынбасарының) ҳәр бир тергеўши менен ислесиўин көзде тутады.

Прокурор бақлаўы, прокурордың жынаятшылыққа қарсы гүрести муўапықластырыў миннети прокурорға пүткил тергеўге процессуал басшылқыты өз қолына алыўға ҳәм процессуал бақлаў өткериўге жәрдем береди.[1] Негизинен алғанда, прокурор белгили бир аймақлық бирлеспеде (район, қала, ўәлаят, Республика) пүткил тергеў системасына басшылық етеди. Өз гезегинде, бул қағыйда прокурордың тергеўдеги шөлкемлестириўшилик функциясын белгилеп береди.

Улыўма алғанда, прокурордың дәслепки тергеўди бақлаў нәтийжесинде анықлаған кемшиликлери бойынша берген көрсетпелери тергеўши ушын мәжбүрий есапланады. Бул мәжбүрий ҳәм орынланыўы тийис болған көрсетпелер белгиленген мүддет даўамында орынланыўы ямаса

[1] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ, 2009. – Б. 103-105.

тезлик пенен оператив рәўиште сапластырылыўы тийис болып саналады. Бул болса, өз гезегинде, дәслепки тергеўдиң сапасына унамлы тәсир етеди.[1].

Дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли ең тийкарғы лаўазымлы шахс – тергеўши болып есапланады[2]. Белгили бир процессуал фигура сыпатында тергеўшиге жынаят исин толық ҳәм ҳәр тәреплеме тергеў ушын жынаят-процессуал нызамында көрсетилген барлық шараларды көриўге, процессуал ҳәм тергеў ҳәрекетлерин бийғәрез әмелге асырыўға, топланған дәлийиллерден келип шығып жуўмақлар шығарыўға ўәкиллик берилген. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыўда кең процессуал статусқа ийе болған шахслардың ең тийкарғысы болып есапланады.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди дуўры шөлкемлестириў ҳәм де олардың әмелге асырылыў үстинен прокурор бақлаўын тәмийинлеў жынаятларды оператив рәўиште тез ҳәм толық ашыўға жәрдем береди. Сондай-ақ дәслепки тергеўдиң үстинен прокурорлық бақлаўың орнатылыўы тергеў ислери бойынша әдил қарардың қабыл етилиўине унамлы тәсир етеди[3].

Бул жағдай нызамда анық көрсетилген, яғный Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 36-статьясы екинши бөлиминде: «Тергеўши тергеўдиң бағдарын ҳәм тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге тийисли барлық қарарларды, прокурор рухсатын алыў нызамда көзде тутылған жағдайлардан басқа, өз бетинше қабыл етеди», деп баянлап өтилген. Буннан тысқары, тергеўшиниң өз өндирисиндеги ис бойынша нызамға муўапық берген тапсырмалары ҳәм шығарған қарарлары, көрсетпелери ҳәм тапсырмалары барлық кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болып есапланады. Бул

[1] Усманов М.А. Суриштирув ва дастлабки тергов босқичларида фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларига риоя этилиши устидан прокурор назоратининг аҳамияти ҳамда вазифалари // Ёш олимлар илмиий мақолалари тўплами. 1/2010. – Т.: ТДЮИ, 2010. – Б, 209.
[2] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 67-68.
[3] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ,2009. – Б. 178.

тергеўши тәрепинен дәслепки тергеў процессинде, мәселен, тинтиў ҳәм алып қойыў өткериўде қалысларды тартыў, мүлкти хатлаў ҳәм сол сыяқлы қарарларға тийисли[1].

Айырым илимпазлар, солардың ишинде юрист-алым Л.М.Карнеев тергеўшиниң процессуал жағдайы оның ол яки бул органда жумыс алып барыўына қарап парқланады[2] деп пикир билдиреди. Лекин, тергеўшиниң ол яки бул органда хызмет етиўи оның процессуал статусына тәсир етпейди, ал тек ғана ўәкиллигиниң тергеўшиге тийислилик қағыйдалары бойынша шегараларын белгилейди. Ал, белгили юрист-алым М.А.Чельцов болса дәслепки тергеў органларын суд додалаўына салыстырғанда жәрдемши роль екенлиги туўралы сөз етеди ҳәм тергеў исин әдил судлаўға жәрдемши органлардың кең көлемли жумыслары» дейди[3]. Ал, белгили юрист-алымлар Д.С.Карев ҳәм Н.М.Савгировлар «Дәслепки тергеў органларының ролин кемейтиў надурыс, себеби дәслепки тергеў мәселесине жетерли итибар бермеў исти толық тергеў қылыўға кесент етеди, буны болса суд додалаўында толықтырыў мүмкиншилиги болмайды»[4], деп баҳалы пикирлерин билдирип өтеди.

Белгили болғанындай, дәслепки тергеў басқышындағы тийкарғы дәлиллеўши субъект – бул тергеўши болып табылады. Ис ушын әҳмийетли болған ҳалатларды толық, ҳәр тәреплеме ҳәм қалыс тексериў бойынша талаплар дәслепки тергеў органлары ушын да мәжбүрий болып есапланады. Яғный, тергеўши судта ҳүким шығарыў ушын тийкар болатуғын мәселелерди шешиў ушын зәрүр ҳәм жетерли дәлиллерди топлаўы керек.

Дәслепки тергеў органларының жынаятларды ашыўда тутқан орны олардың жынаят процессинде қандай процессуал статусқа ийе екенлиги ҳәм

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 70.
[2] Уголовный процесс: учебник. Под. ред. Л.М.Карнеева. - М.: Юридическая литература, 1980. – Б. 237.
[3] Чельцов М.А. Уголовный процесс.- М.: Госюриздат, 1951. - Б.227.
[4] Карев Д.С., Савгиров Н.М. Возбуждение и расследование уголовных дел.- М.: ВШ, 1967. – Б. 4-5.

қандай процессуал функцияны орынлаўына байланыслы болады[1]. Процессуал әдебиятларда бул мәселе бойынша ҳәр қыйлы пикирлер билдирилген. Гейпара алымлар тергеўшиниң жумыслары қаралаўшы (айыплаўшы) мазмунда ҳәм ҳәтте буның менен дәлийиллерди топлаўда айыплаў тәрепине жан басыўы туўралы пикир билдиреди. Басқа илимпазлардиң пикиринше, тергеўшиниң жумыслары айыплаў, қорғаў ҳәм исти шешиў функцияларын өз ишине алады. Тағы бир қатар илимпазлардың пикиринше, тийкарынан тергеўшиниң жумыслары еки бөлимнен турады: 1) исте айыпланыўшы жүзеге келгенше тергеўши жынаятты ашады; 2) шахсқа айыплаў жәрияланғаннан кейин бул шахсты айыплайды ямаса бир ўақыттың өзинде оны қорғайды да.

Бул көзқараслар тергеўдиң толық, ҳәр тәреплеме ҳәм қалыслығы туўралы басланғыш қағыйдаларды умытып, тергеўшиниң бирден-бир деп есапланған жумысларын бөлимлерге ажыратып таслайды.

Тергеўши төмендеги жағдайларда жынаят исин жүргизиўде қатнасыўға ҳақылы емес ҳәм оннан бас тартыўы лазым: бирнишиден, ол усы ис бойынша жәбирлениўши, пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер, эксперт, қәнийге, аўдармашы, гүўа, қалыс, қорғаўшы сыпатында, гүман қылыныўшы, айыпланыўшының нызамлы ўәкили яки жәбирлениўшиниң, пуқаралық даўагердиң, пуқаралық жуўапкердиң ўәкили сыпатында исте қатнасып атырған болса ямаса бурын қатнасқан болса; екиншиден, тергеўши усы исти жүргизиў ушын жуўапкер болған қандай да бир лаўазымлы шахстың яки жоқарыда көрсетилген өзге шахслардың туўысқаны болса; үшиншиден, тергеўшиниң қалыслығына ҳәм бийғәрезлигине гүман туўдыратуғын басқа жағдайлар бар болса.

Тергеўшиниң өз процессуал миннетлерин орынлаўы, егер усы ис қосымша тергеў жүргизиў ушын жиберилетуғын болса, дәслепки тергеў

---

[1] Салиев Ю. Раскрытие преступлений как уголовно-процессуальная функция: учебное пособие.-Т.: 1991. – Б. 40-45.

жүргизиўге қайшы келмейди. Егер, Жынаят-процессуал кодексиниң 76-статьясының биринши бөлиминде көрсетилген тийкарлардан биреўи бар болса, тергеўшиниң өзи исти жүргизиўден бас тартыўы шәрт.

Дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслардың улыўма сыпатламасын илимий талқылаў ўақтында дәслепки тергеўди алып барыўда белгили бир ўәкилликлерге, яғный, шөлкемлестириўшилик ўәкилликлерине ийе болған лаўазымлы шахслардыңда процессуал ҳалатын көрип шығыўымыз лазым. Бул лаўазымлы шахс – ишки ислер органының баслығы болып табылады. Белгили болғанындай, Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги штат жағынан ең үлкен министрликлерден бири болып табылады.сонлықтан, ишки ислер органлары ўазыйпаларының түрлери көп. Жынаятшылыққа қарсы гүресте ишки ислер органлары жумысларының төмендеги бағдарларын көрсетиў мүмкин: криминал элементти, яғный жынаят ислеўге мейил шахсларды анықлаў ҳәм есапқа алыў; криминал шараятларды анықлаў; жәмийетлик тәртипти қорғаў; таярланып атырған жынаятларды анықлаў ҳәм алдын алыў; жынаятларды тергеў; тергеўшиге жынаятларды тергеўде жәрдем бериў.

Жынаятшылыққа қарсы гүресте анаў яки мынаў дәрежеде барлық ишки ислер органлары хызметкерлери қатнасады. Тийкарынан тергеўде милиция қатнасады. Ол ҳәрекеттеги жынаят-процессуал нызамшылыққа муўапық сорастырыў органы болып есапланады. Ишки ислер органларының тергеўде қатнасыўы (усы органлардың тергеў аппаратларынан басқа) жынаят-процессуал нызам нормалары менен ретлестириледи.

Нәўбетшилик, жынаят-қыдырыў бөлимлери хызметкерлери, криминалистикалық техника бойынша қәнигелер, профилактика инспекторлары, мийнет-дүзетиў мекемелериниң оператив бөлимлери, жәмийетлик тәртипти қорғаў хызмети, жол ҳәрекети қәўипсизлиги болими, жаслар арасында ҳуқықбузыўшылықлардың алдын алыў бөлими, өртке қарсы гүресиў бөлимлери – булардың ҳәммеси ишки ислер бөлиминиң

структурасын қурайды. Бул структуралық дүзилмелер, зәрүр жағдайларда, дәслепки тергеўге қатнасады. Айтып өтиўимиз тийис, жынаят ислери бойынша оператив хызметкерлер басқа структураларға қарағанда жийи ҳәм көбирек ислейди. Жынаят ислеген шахс анықланбаған жағдайда олардың тергеўде қатнасыўы зәрүр, әсиресе дәслепки тергеў басқышында. Оператив хызметкерлер тергеў ҳәрекетлеринде қатнасыўы, оларды өз бетинше тергеўши тапсырмасы менен жүргизиўи, тергеўшиге жәрдем бериўи мүмкин. Олардың тийкарғы функциясы жынаят ислеген шахсты анықлаў, оның дәслепки тергеўге қатнасыўын тәмийинлеў, сондай-ақ истиң басқа да ҳалатларын анықлаў болып табылады. Ишки ислер бөлими тапсырмасы менен оператив хызметкерлер сорастырыў ҳәрекетлерин жүргизиўи мүмкин. Тергеў нәтийжеси көп жағынан оператив хызметкерлердиң жумыслары сапасына байланыслы болады.

Ишки ислер уйымлары хызметлериниң барлық жумысларына ишки ислер бөлими баслығы басшылық етеди. Ол таярланып атырған жынаятларды анықлаў, олардың алдын алыў, исленген жынаятларды ашыў бойынша жумысларға басшылық етеди. Тергеўдеги ишки ислер органлары жумысларын төмендегише түрлерге ажыратыў мүмкин: а) сорастырыў; б) жынаятшыны анықлаў бойынша оператив-қыдырыў жумысы; в) тергеўшиниң тапсырмаларын ҳәм көрсетпелерин орынлаў бойынша оператив-қыдырыў жумыслары; г) тергеўде тергеўшиге жәрдем бериў деп ажыратыў  мүмкин.

Ишки ислер органлары баслығы ушын ислерди бундай бөлиў шәртли болып есапланады, себеби көрсетилген ҳәрекетлердиң қәлегенин шөлкемлестириў ҳәм сапалы орынлаў ушын органның күши ҳәм қураллары зәрүр болады. Лекин орган баслығының шөлкемлестириў роли атап өтилген ҳәр бир жумыс түринде ҳәр қыйлы болады.

Сорастырыў – дәслепки тергеў менен байланыслы болған жынаят-процессуал хызмет түри болып, нызамға муўапық бир қатар категориядағы

ислер бойынша толығы менен сорастырыў уйымлары тәрепинен әмелге асырылыўы мүмкин. Үлкен ҳәкимшилик аймақлары ишки ислер бөлимлеринде сорастырыў бөлимлери болады. Бундай бөлим баслығы сорастырыўшылар өндирисиндеги жынаят ислери бойынша жазба көрсетпелер бериў ҳуқықына ийе. Орган баслығы сорастырыўға улыўма басшылық етеди. Сорастырыў органы тәрепинен жынаят белгилери табылған жағдайда дәслепки кешиктирип болмайтуғын тергеў яки басқа ҳәрекетлерди әмелге асырыў мүмкин. Кешиктирмеў, тийкарынан алғанда, жынаяттың алдын алыў, излерди дәрҳал беккемлеў зәрүрлигине байланыслы. Ис тергеўшиге тапсырылғанға шекем сорастырыўды әдетте оператив хызметкерлердиң биреўи жүргизеди. Тергеўдиң дәслепки басқышын шөлкемлестириўди усы хызметкер ишки ислер бөлими баслығы ямаса орынбасары басшылығында әмелге асырады. Истиң тергеўге өткерилиўи орган баслығының шөлкемлестириў функциясын қысқартады, ол тек жынаятшыны анықлаўға қаратылған ҳәрекетлерге басшылық етеди.

Ишки ислер бөлими баслығы барлық күш ҳәм қуралларды жынаятты ашыўға бағдарлаўы лазым. Бул аңсат ўазыйпа емес. Бөлимниң материаллық ҳәм басқа да ресурслары (транспорт, жеке қурам) шекленген. Жынаят ислеў ҳәм оларды анықлаў – теңдей процесс емес, сонлықтан да ҳақимшилик аймақста тергелип атырған жынаят ислериниң саны ҳәр ўақытта ҳәр қыйлы болады[1].

Тергеўшиниң жазба тапсырмалары ҳәм көрсетпелери көпшилик жағдайларда ишки ислер органы баслығына келип түседи. Орган баслығы оператив яки басқа илажлардың дүзилисин толық яки улыўма түрде белгилеўи ямаса оны оператив хызметкердиң дүзиўин қадағалаўы мүмкин. Егер орган баслығы тергеўшиниң тапсырмасын орынлаў мүмкин емес деп есапласа (мәселен, сорастырыў органы ўәкиллигине кирмейди ҳ.т.б.) ол

---

[1] Зорин Г.А. Теоритические основы криминалистики. – Минск: Амалфия, 2000. – Б. 223-224.

дәслепки тергеў үстинен бақлаў жүргизиўши прокурорға жазба түрде мүрәжаат етиўи мүмкин.

Ишки ислер уйымларында ҳәрекеттеги режелерге муўапық, орган баслығы өзиниң буйрығы менен тергеў-оператив топарын дүзеди, шөлкемлестиреди, оның қурамын өзгертеди, оның ағзалары арасындағы қарама-қарсылықларды қарап шығып, шешеди. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин жүргизиў дәўиринде тергеўдиң белгили бир бөлегине ишки ислер органы баслығы басшылық етеди. Қыйыншылықлар көбинесе жумысқа тергеўши келгеннен кейин басланады. Нызамға муўапық бунда мына реже анық ҳәрекет етиўи тийис: тергеўге басшылық дәрҳал тергеўшиге өтеди. Орган баслығы (оның орынбасары, оператив бөлимше баслығы) усы ўақыттан баслап тергеўшиниң тапсырмаларын орынлайды яки олардың орынланыўына басшылық етеди. Ол тергеўшиге ис бойынша оптимал шешимлер қабыл етиўде, қолда бар күш ҳәм қураллардан пайдаланыўда жәрдем береди. Солай етип, ол тергеўдиң бир бөлегине басшылық етиў, оны тәмийинлегге басшылық етиў функциясын атқарады.

Ишки ислер органы баслығы сорастырыў органы басшысы сыпатында жынаят-процессуал жумыслар субъекти болып есапланады. Ол тергеўдеги барлық оператив-қыдырыў жумысларын шөлкемлестиреди. Тергеўши менен сорастырыў органы хызметкерлери арасындағы байланыс характерин есапқа алғанда, ол өз-ара бирге ислесиўдеги тийкарғы фигуралардың бири болып есапланады. Тергеўшиниң сорастырыў органы менен бирге ислесиўиниң табыслы болыўы көп жақынан оның профессонал уқыбына ҳәм иске қатнасына байланыслы болады[1].

Инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында ишки ислер органлары хызметиниң ҳуқықый тикарлары Өзбенкстан Республикасы Конституциясында белгилеп қойылған нормалар бойынша әмелге асыпақта[2].

[1] Криминалистика: учебник. – М.: Норма, 2000. – Б. 223-235.
[2] □збекистон Республикаси Конституцияси. – Т.: □збекистон, 2008. – 40 б.

Ҳақыйқатында да бүгинги күнде ишки ислер органларының хызметиниң бул тараўы заманагөй нызамшылық талапларына жуўап береди ҳәм және де жетилистирилип барылмақта[1].

Ишки ислер органлары баслығы объектив нызамлылықларға бола дәслепки тергеўди шөлкемлестириўши бола алмайды. Ол тергеў қатнасыўшысы – сорастырыў органы баслығы сыпатында процесске киргизилген. Оған тергеўши үстинен процессуал ҳәкимлик етиў ҳуқықы берилмеген ҳәм бул мүмкин де емес, ол тергеўшиниң ҳәр қандай қарарын өзгертиў, бийкарлаў ҳуқықына ийе емес, тергеўши рухсаты ҳәм тапсырмасысыз қандай да бир тергеў ҳәрекетлерин жүргизе алмайды. Бундай тийкарғы принципиал режелер бола тура, ишки ислер органы баслығының тергеўге басшылық етиўи туўралы қандай гәп болыўы мүмкин. Дәслепки тергеўде ишки ислер органы баслығы тергеўши тапсырмаларын орынлаўдың қуралларын, методларын таңлайды, оператив-қыдырыў ҳәрекетлерине басшылық етеди, зәрүр жағдайда жеке өзи қатнасыўы мүмкин.

## 1.2. Дәслепки тергеўде лаўазымлы шахс есапланбаған қатнасыўшылардың ҳуқықый жағдайы ҳәм процессуал функциялары

Тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда жынаят процессиниң лаўазымлы шахслары есапланбаған шахслар қатнасыӯы мүмкин. Бул шахслар айыпланыўшы, гүман қылыныўшы, жәбирлениўши, пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер, олардың ўәкиллери, қорғаўшылар (адвокатлар), экспертлер, гүўа, қалыс гүўалар, қәнигелер, дилмашлар ҳәм басқалардан ибарат. Олардың барлығы ҳәр қыйлы процессуал искерликти әмелге асырады, ҳәр бир қатнасыўшының бул искерлик мазмунына тийкарланған болыўы оның ҳуқықый жағдайлары менен белгиленеди. Ҳар бир

[1] Эшмурадов Б.Э., Рустамов Р.А. Ҳуқуқни муҳофаза қилувчи органларнинг инсон ҳуқуқлари ва эркинликларини таъминлаш борасидаги фаолиятининг ҳуқуқий асосларини такомиллаштириш масалалари // «Ҳуқуқдаги бўшлиқлар ва уларни бартараф этиш муаммолари» мавзусидаги Республика илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 374.

қатнасыўшының искерлигине анық характеристиканы төмендегилерди есапқа алған жағдайда бериў мүмкин:

а) жынаят ҳәдийсесин дәлиллеўде жәрдем бериў;

б) тергеўшиниң дәлиллик мағлыўматларын алыў процессиндеги функциясы;

в) тергеў ҳәрекетине қатнасыў мәжбүрияты[1].

Ис бойынша барлық жағдайларды анықлаў миннетин атқарыў субъекти, булар - тергеўши яки нызамда белгиленген тәртипте тергеўге қатнасыўшы (сорастырыў алып барыўшы орган баслығы, прокурор) ҳәм басқада лаўазымлы шахслар.

Тергеўши яки оның орнын басыўшы лаўазымлы шахс тергеў ҳәрекетиниң өтиўи ҳаққында шешим қабыл етеди, басқа қатнасыўшылар менен ҳуқықый қатнасқа түседи.[2] Олардың ҳуқық ҳәм миннетлерин әмелге асырыўын тәмийнлейди. Тергеў ҳәрекетиниң әмелге асырылыўының нызамлығын ҳәм өз ўақтында өткизилиўине толық жуўап береди. Тергеў ҳәрекетиниң көп ғана қатнасыўшылары өзиниң ҳуқықый жағдайы бойынша төмендеги түрлерге бөлиниўи мүмкин:

а) жынаят процессинде өзиниң ўәкилликли нызамлы орнына ийе ҳәм дәлил субъекти сыпатында қатнасыўшы шахслар;

б) дәлиллеў субъекти болмаған шахслар.

Бундай классификация тергеў ҳәрекетиндеги гүман қылыныўшы, айыпланыўшы, жәбирлениўши, олардың нызамлы ўәкиллери ийелеп турған жағдайын белгилейди. Бул шахслардың тергеўшиге оны қызықтырыўшы мағлыўматлардың берилиўи менен тергеў ҳәрекетлерине қатнастырылғанына қарамастан тергеўши оның алдында кең ҳуқықларға ийе болған дәлилеў субъекти екенлигин есте тутыў лазым[3].

---

[1] Казинян Г.С., Соловьев А.Б. Проблемы эффективности следственных действий. – Ереван, 1987. – Б. 87
[2] Белозеров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий. – М., 1990. – Б. 60
[3] Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 70-42.

Дәслепки тергеўде лаўазымлы шахс есапланбаған қатнасыўшылардың ҳәм ис бойынша жеке мәпке ийе болған қатнасыўшыларды төмендеги тайпаларға ажыратыўға болады: а) дәслепки тергеўде қорғаўды әмелге асырыўшы шахслар – гүман қылыныўшы, айыпланыўшы; б) дәслепки тергеўде мәлим дәрежеде айыплаўды қуўатлаўшы шахслар – жәбирлениўши; в) дәслепки тергеўде материаллық мәпке ийе шахслар – пуқаралық даўагер ҳәм пуқаралық жуўапкер; г) дәслепки тергеўде басқа шахслардың атынан қатнасыўшылар – ўәкиллер ҳәм қорғаўшылар; д) дәслепки тергеўде жәмийетлик мәплерди қоллап-қуўатлаўшылар – жәмийетлик айыплаўшы ҳәм жәмийетлик қорғаўшы; е) дәслепки тергеўге жәрдем бериўши басқада қатнасыяшылар - экспертлер, гүўа, қалыс гүўалар, қәнигелер, дилмашлар ҳ.т.б. есапланады[1].

Көплеген тергеў ҳәрекетлерин өткизгенде бундай қатнасыўшылар өзлериниң орнын, ҳуқықый статусын есапқа алған жағдайда белгилениўи керек. Бундай ҳуқықый статусы регламентациясы сораў алыў, көзден өткериў ҳәм басқалар тергеў ҳәрекети нормаларынан сыртқа шығып кетеди. Мысалға, айыпланыўшы ҳәм гүман қылыныўшыдан сораў алыўда тергеўши олардың көрсетпелер бериўи бул шахслардың ҳуқықы екенлигин есте сақлаўы лазым (ал, жәбирлениўши болса көрсетпе бериўге мәжбүр). Бунда тергеўши ҳуқықтың әмелге асыўын тәмийнлеўи шәрт. Атап өтилген шахслар тергеўшидан өзлеринен сораў алыўды талап қылыўы мүмкин. Көрсетпе берген пайытта өзлери зәрүр деп есаплаған мағлыўматларды бериўи мүмкин.

---

[1] Мадалиев О. Суд қарори нусхасини прокурор ва ҳимоячига берилиш муаммоси // ТДЮИ Ахборотномаси. 1/2009. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 88-89; Н Қўшаев. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида ишга жалб қилиш тўғрисидаги қарорда далиллардан фойдаланиш // ТДЮИ Ахборотномаси. 1/2009. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 93-94; Г.Тулаганова. Жиноят процесси иштирокчиларининг хавфсизлигини таъминлаш // ТДЮИ Ахборотномаси. 1/2009. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б.91-93; Исаров Қ.И. Одил судловни амалга оширишда суд экспертизасининг ўрни // “Ўзбекистонда суд эксперт изасининг ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги Республика идораларараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б. 14.; Алимова Р., Отахўжаев С. Суд экспертизасини ташкил қилиш ва ўтказиш масалалари. Ўқув қўлланма. Маъсул муҳаррир: проф. М.Ҳ.Рустамбаев. – Тошкент: Янги аср авлоди, 2001. – Б. 3.; Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 70-42; ҳ.т.б.

Көплеген тергеў ҳәрекетинде айыпланыўшы, гүман қылыныўшы ҳәм жәбирлениўшилер олардың дәлиллеў субъекти сыпатындағы статусынан келип шыққан өз ҳуқықларын әмелге асырыў мүмкиншилигине ийе болыўы керек. Бул пикир қоршаған орталықты көзден өткериўде жайларды ҳәм айғақлы затларды көзден өткизгенде регламентациялаўшы нормаларда анық көрсетилген: айыпланыўшы, судланыўшы, сондай ақ жәбирлениўши пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер ҳәм олардың ўәкиллери олардың пикиринше көзден өткериўдиң әмелге асырып турған ўақытта тергеўшиниң дыққатын ис жағдайын анықлаўда жәрдем беретуғын мағлыўматларға қаратыў ҳуқықы бар.

Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў – оны айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў ушын жетерли тийкарлар болмағанынан дерек береди.[1] Жынаят исинде гүман қылыныўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар әҳмийетли процессуал ҳүжжет есапланады. Ол жынаят иси бойынша белгили бир шахсқа қозғатылған, соңынан айыплаўға айланыўы мүмкин болған гүманды сәўлелендириўши, сол шахсқа қорғаныў имканиятын бериўши процессуал ҳүжжет болып табылады.[2]

Жынаят иси бойынша гүман қылыныўшы шахсты услап турыў мүддети жетпис еки сааттан артық даўам етиўи мүмкин емес. Услап турыў мүддети тамамланғанға шекем ҳәм тийкарлар бар болғанда шахс айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартылыўы, оған айып жәрияланыўы, Жынаят-процессуал кодексиниң 109-112-статьяларындағы қағыйдалар бойынша сораў қылыныўы ҳәм 236-240-статьялары қағыйдаларына әмел қылған ҳалда бас шарасын таңлаў ҳаққында мәселениң шешилиўи зәрүр болып есапланады.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 561.

[2] Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисида қарорда далилларда фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. - №1. - 2009. – Б. 93-94.

Жынаят-процессуал нызамшылық талаплары тийкарында айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартыў туўралы қарар шығарылғаннан баслап айыпланыўшы деп жүритиледи.

Әлбетте, жоқарыдағылар менен бирге олар предметлерди ҳәм ҳүжжетлерди иске қосыўды, истиң әҳмийетли жағдайларын баяннамаға қосыў ҳаққында илтимаснама қылыўы мүмкин. Себеби дәлиллеў субъектлери олардың талабын процесстиң қәлеген ўақтында әмелге асырыўы мүмкин. Жоқарыда айтып өтилген шахслар дәслепки тергеўде актив қатнасыўы мүмкин. Олардың барлығы сондай ақ қорғаўшылар олар дәслепки тергеўде қатнасып атырған бўлса, тергеўдиң көплеген ўақтында тергеўшиге предметлерди ҳәм документлерди усыныўы мүмкин.

Қорғаўшы дәлиллеў процессиниң дәслепки басқышында ҳәм улыўма процессте айыпланыўшы жәбирлениўшике салыстырғанда өзиниң ҳуқықларын қорғамайды ҳәм айыпланыўшының нызамлы мәплерин қорғайды. Бул хызметтиң мақсети айыпланыўшының айыбын жеңиллететуғын ҳәм ақлайтуғын жағдайларын анықлаў ҳәм тергеў ҳәрекетинде қатнасыў формасын белгилеўден ибарат. Айыпланыўшыдан сораў алыў ўақтында қатнасқан қорғаўшы тергеўшиниң рухсаты менен сораў береди, баяннамада зәрүр қосымшалар ҳәм толықтырыўлар киргизиўди талап қылады. Баяннамада мағлыўматлардың толық ҳәм дурыс көрсетилиўин тәмийнлейди. Гүўалар, жәбирлениўши ҳәм эксперттен сораў алыў ўақтында саўаллар бериў жолы менен қорғаўшы дәлиллердиң бир-бирине қарсы, исенимсиз екенлигин көрсетиўге ҳәрекет қылады, айыпланыўшыны ақлайтуғын яки оның жуўапкершилигин жеңиллестиретуғын фактлерди анықлаўға ҳәрекет қылады. Көзден өткизиў, тергеў эксперименти, көрсетпелерин ўақыя орнында тексериў сыяқлы тергеў ҳәрекетлери алып барылған ўақытта қорғашы өзине анықланыўы лазым боғган жағдайда тергеўши дыққатын аўдарыўға ҳәрекет қылады. Баяннамада усы жағдайлардың толық көрсетилиўине дыққат аўдарады, қәнигелерге сораў

береди, иске қатнаслы ҳүжжет ҳәм затларды қосып қойыўын сорайды. Қорғаўшы бул пайытта тергеўши қалыс, қәнигениң ҳәрекетлерин гүзетип турыў менен шекленбейди.

Экспертиза тайынланғанда қорғаўшы өзи қорғап атырған шахстың барлық ҳуқықларынан пайдаланыўы мүмкин. Соны айтып өтиў керек, қорғаўшы айыпланыўшының атынан экспертке отвод бериў, экспертке қосымша сораў бериўди өтиниш етиў, айыплаў жуўмақ пенен танысыў, ол бойынша өз наразылығын билдириўи мүмкин.

Егер қорғаўшы өзиниң қорғаўындағы шахс пенен бирге тергеў ҳәрекетлеринде қатнасқан ўақытта оның процессуал ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тәминлеўди көзден тутыўы шәрт (қорғаўшы ҳуқық бузыўшылықтың алдын алыў мақсетинде илтимаснама бериўи шәрт).

Солай етип айыпланыўшы, жәбирлениўши ҳәм қорғаўшы тергеўши менен бирге дәлил топлаўда қатнасады, өзлери ғәрезсиз түрде дәлил топлай алмайди, ал дәлиллерди, сондай ақ оны табыўға мүмкиншилик жаратады.

Усыған тийкарланып айырым авторлар адвокат қорғаў ушын зәрүр болған мағлыўматларды пуқаралардан алыў, предметлерди, қоршаған орталықты көзден өткериў ҳуқықына ийе, бирақ жәбирлениўшилер айғақлы затларды излеў ҳәм алып қойыўда жердемлесиў ҳуқықына ийе деген түсиникке ийе болады.

Булай деп қараў надурыс. Себеби бунда мәмлекет органының процессуал хызмети басқа қәлеген дәлил алыў ушын қолланылатуғын процессуал болмаған дәлиллер менен теңлестириледи. Қорғаўшы тәрепинен түсирилген сүўретлер, сызылған жоба ҳәм схемалар ис бойынша дәлил болып есапланыўы мүмкин емес. Себеби нызам дәлил топлаў миннетин иске қызығыўшылыққа ийе болмаған мәмлекет органына, яғный сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм судқа жүкленген.

Сондай ақ жәбирлениўши ҳәм адвокат дәлил топлаўда қолланған журналлары процессуал болмағанлығы себепли ҳуқықый мағлыўматтың

туўры көрсетилгенлиги ҳаққында кепиллик түсиниги анық нызам менен регламентация қылынган ҳәм ҳуқықый мағлыўматты көрсетиўши усылды өз ишине алады. Сондай ақ жәбирлениўши ҳәм қорғаўшының (олардың хызметиниң еки тәреплеме екенлигин есапқа алған жағдайда) мәмлекет органларының араласыўысыз дәлил топлаўдағы актив ҳәрекети пуқаралардың ҳуқықларының бузылыўына алып келиўи мүмкин.

Дәлил топлаў бул тек ис бойынша әҳмийетке ийе мағлыўматларды анықлаў емес, ал усы мағлыўматлар менен иске анықлық киритиў, яғный предметлер ҳәм ҳүжжетлерди иске қосып қойыў. Бул ҳаққында қарарды тек дәлиллеў субъекти болған мәмлекет органлары ғана қабыл етиўи мүмкин. Тергеўши адвокат тәрепинен берилген ҳүжжеттиң иске қатнасы жоқлығын анықласа, оны ис материалларына қопаўы мүмкин. Буған адвокат та исенген болса ҳүжжетти өзинде қалдырады.

Процесске таярлық ўақтында айыпланыўшы, жәбирлениўши, адвокат, ҳәдийсени көрген гүўалардың көрсетпелерин оқып көриўге, ҳүжжетлерди тексерип көриўге барлық пуқаралар сыяқлы ҳақылы.

Бирақ бул ҳәрекетлер исте жаңадан дәлиллердиң пайда болыўын белгилеп бера алмайды ҳәм дәлил топлаў усылы бола алмайды.

Солай етип айыпланыўшы, қорғаўшы, гүман қылыныўшы, жәбирлениўши ҳәм олардың нызамлы ўәкили өзинше дәлил топлаў ҳуқықына ийе емес. Тергеў ҳәрекети тергеўшиниң билиў хызметиниң мазмунына тәсир етиўи мүмкин болған дәлиллеў субъекти бола алады.

Тергеў ҳәрекетиниң басқа қатнасыўшылары - гүўалар, эксперт, қәниге, дилмаш ҳәм басқаларға белгили бир ўазыйпаларды орынлаў жүкленген. Олар бул ушын тийисли ҳуқық ҳәм миннетлерге ийе болып. Бирақ истиң барысы ҳәм нәтийжесине мәпдар болмайды. Булар иске қатнасыўда мәпдар болмаған шахслар есапланады ҳәм дәлиллеўде дәслепки тергеўдиң лаўазыслы шахсларына жәрдемши ролин атқарады.

Тергеў ҳәрекетиниң ҳәр бир қатнасыўшысы дәлиллеў субъекти болыўына қарамастан, тергеўши тәрепинен мағлыўмат топлаўда арнаўлы функцияға ийе. Усы көз қарастан тергеў ҳәрекети қатнасыўшыларын төмендеги тийкарғы топарларға бөлиў мүмкин: а) тергеў ҳәрекети барысында тергеўшиге өзинде бар дәлил-мағлыўатларды бериўши шахслар; б) тергеўшиге дәлиллик мағлыўматларды анықлаўға, беккемлеўге жәрдем бериўши арнаўлы билимлерге ийе болған шахслар; в) ис материалларында дәлиллик мағлыўматлардың объектив ҳәм толық көрсетилиўи үстинен бақлаўды әмелге асырыўшы шахслар; г) тергеў ҳәрекетиниң жердемши қатнасыўшыларылары.[1]

Биринши топарда көрсетилген шахсларға: гүўалар, жәбирлениўши, айыпланыўшы, гүман қылыныўшы киреди. Булар мағлыўматқа ийе шахслар болып, бул мағлыўматларды сораў алыў, жүзлестириў, танып алыў ушын көрсетиў, көрсетпелерди ҳәдийсе орнында тексериў, процессте аўызша береди яки өзинде бар мағлыўматларды өз ерки менен яки тергеўши талабына муўапық предмет ҳәм ҳүжжетлерди тапсырады, гүўаландырыў, экспертиза өткериў ушын нусқа алыў ҳәм көрсетпелерди ҳәдийсе орнында тексериўди әмелге асырыў сыяқлы тергеў ҳәрекетлери нәтийжесинде көрсетиў мүмкин. Айтып өтилген тергеў ҳәрекетлеринде көрсетилген шахслар мағлыўматларды аўызша еки ҳәрекетлер нәтийжесинде береди.

Бул топарға эпизодлық тергеў ҳәрекети қатнасыўшылары да киреди. Булар пуқаралық даўагер, жуўапкер, олардың ўәкиллери, мекеме, кәрхана, шөлкем баслығы, сондай ақ тергеўши қарары менен ҳүжжетлерди тапсырыўшы шахслардан ибарат.

Тергеў ҳәрекети қатнасыўшыларының екинши топарына эксперт, қалыслар ҳәм қәнигелер, яғный талап етилип атырған мағлыўматқа ийе болмаған шахслар.

---

[1] Коллектив авторов / Следственные действия: процессуальная характеристика, тактические и психологические особенности. – М. 1994. - Б. 37

Дәслепки тергеўде қатнасыўшы ең тийкарғ шахслардан бири, бул – гүўа есапланады. Гүўаның ҳәдийсе исленген орында яки судта көрсетпе бериў бойынша өз қәлеўи болса дәрҳал усы ўақыттың өзинде яки бир сутка ишинде сораў қылыныўы лазым.

Гүўа көрсетпе бериўи мүмкинлигин тергеўшиге почта арқалы билдирген болса ондай жағдайда гүўаны сораў қылыў ушын сораў қылыў орны ҳәм ўақты ҳаққында хабар қылынады ҳәм келиўи менен дәрҳал сораў қылынады.

Нызам жынайый ислерди тергеў ҳәм шешиўде пайдаланатуғын материаллық мағлыўматты тасыўшы деп гүўа, жәбирлениўши, гүмән қылыныўшы, айыпланыўшы көрсетпеси, эксперт жуўмағы, даўыс жазыўшы, видео көринис, кинофильмлерди, суд ҳәм тергеў ҳәрекетлери ҳәм басқа ҳүжжетлерди белгилейди. Әдетте олар фактлик мағлыўматлар дереги деп аталады.[1] Өзиниң мазмунында «мағлыўмат» ты сәўлелендирмейтуғын фактлик мағлыўмат дереги дерек бала алмайды. Бундай дерек ҳеш нәрсени дәлиллемейди, бийкар да ете алмайды.

Бирақ предмет ҳәм затлардан мағлыўматлар алыў тек ғана шахсты-жағдайын сөйлетиўге мәжбүр етип, жынаят процессинде ҳәр қандай жағдайда дәлил дереги болып, шахс-гүўа айыпланыўшы «фактлер» предметлер ҳаққында хабар бериўши болып тән алынады[2].

Гүўаны тергеў, прокуратура ҳәм суд органлары талапларына муўапық сораў алыў белгиленген орынға ўақытта, саат ҳәм күнинде ҳәзир болыўы ҳәм өзине мәлим болған ис ҳаққында туўры көрсетпе бериўге мәжбүр.

Гүўа, сорастырыўшы тергеўши, прокуратура яки суд шақырғаннан баслап иске тайын балады. Әне сол ўақыттан баслап ҳуқық ҳәм мәжбүрият сондай-ақ, жуўапкер сол менен бирге жынайый жуўапкершилик жүзеге келеди. Гүўа болса, дәслепки тергеўдепроцессуал мәжбүриятларын өз

[1] Қаранг: Уголовный процесс. Учебник для студентов юридических вузов и факультетов. Под редакции. К.Ф. Гуценко. Издания 4-е, прераб.., допол. – М: Зерцало 2000. С 155., Жиноят процесси. Умумий қисм. Дарслик. З.Ф. Иноғомжонованинг умумий тащрири остида. Т, Янги аср авлоди, 2008, 149 бет.
[2] Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси (Умумий қисм). Дарслик. -Т.: Адолат нашр, 2007. -590 б.

ўактында орынлап бырыўы тийис, керек болса, жынаят ҳәдийсеси бойынша ҳешнәрсени жасырмаўы тийис.[1]

Айырым процессуалист алымлар гүўаға тәрийп бериўде оның тергелип атырған жынаят исине байланыслылығына үлкен итибар береди: «жынаят искениуине байланыс болмаған шахс»[2]; «исленген усы жынаят ушын жуўапкер болмайтуғын, жуўапкершиликке тартылмайтуғын шахс»[3] деген сөзлер қолланылады.

Гүўаның ҳуқықый жағдайы тийкарында ис бойынша өзине мәлим жағдайлар бойынша туўры көрсетпе бериў мәселеси болады. Гүўаның процессуал ҳуқықый жағдайы қандай болыўына қарамастан, оның жеке мәплерин қорғаў мақсетинде емес, бәлки улыўма процессуал мәжбүрият ҳәм гүўаның пуқара сыпатында өз абыройы ҳәм қәдир-қымбатын қорғаўды әмелге асырыўға бағдарланған,

Гүўаның процессуал ҳуқықый жағдайы оның жынаят процессине қандай мақсетте қатнастырылыўына қарап белгиленеди. Бундай мақсет гүўадан ис ушын әҳмийетли болған мағлыўматларды-дәлиллерди ис жағдайларын туўрыдан-туўры қабыл қылғанлығына қарамастан усы мағлыўматларды алыўға қаратылады.

Гүўаның жынаят процесси қатнасындағы ўазыйпаларынан келип шығып, шахс жынаят процессинде гүўа процессуал жағдайын ол сораў қылыў ушын шақырылған ўақыттан баслап алады. Әне сол ўақыттан баслап шахс жынаят процессин алып барыўшы ўәкилликли мәмлекет органлары менен процессуал мүнәсибетке кириседи ҳәм ис бойынша гүўаның ҳуқық ҳәм миннетлемеси жүзеге келеди. Егер шахс ис бойынша гүўа сыпатында шақырылған, бирақ онда тергеўшини ис бойынша қызықтырған мағлыўматлар болмаған жағдайларда да шахс фактлик тәрептен гүўа

---

[1] Жиноят процесси (Умумий қисм): Юридик институт ва факультетлари талабалари учун дарслик (З.Ф. Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида). – Т.: ТДЮИ нашриёти, 2008. -596 б.
[2] Рахунов Р.Д. Свидетельские показания в уголовном процессе. - М.: Наука, 1995., - С. 36.
[3] Иномжонов Ш.Х. Жиноят процессида далиллар тақдим қилиш ва фойдаланиш муаммолари. -Т.: Адолат. 2003. -178 б.

болмасада, бирақ юридикалық тәрептен гүўа статусын алып, оның ҳуқық ҳәм миннетлемесинен пайдаланады.

Нызам тәрепинен эксперттиң ўәкиллик шегараси, оның ўәкиллик ҳуқық ҳәм миннетлери, ғәрезсизлығы, ҳулоса бериў тәртиби, мазмуны, дүзилиси, экспертлер арасындағы қатнас ҳәм эксперт хызметиниң басқа әҳмийетли тәреплери белгилеп берилген.

Тергеў ҳәрекети көрсетпелерине муўапық, экспертиза өз алдына процессуал институт сыпатында көрсетип бериледи. Эксперт болса, тергеўши тапсырмасы бойынша жасырын мағлыўматларды анықлаў ҳәм толтырыўда ўәкиллик берилген процессуал хызметтиң актив қатнасыўшысы болып табылады.

Эксперт мағлыўматларды өзинше лаборатория шараятында изертлеў менен бир ўақытта тергеўди әмелге асырыўшы тергеўшиниң рухсаты менен сораў алыўда ҳәм басқа тергеў ҳәрекетин өткериў ўақтында сораў алыныўшы шахсқа экспертиза предметине байланыслы саўаллар бериўи мүмкин.

Ҳәзирги кунде илим-пән раўажланып атырған бир шараятта жынаят иси бойынша тек ғана гүўа жәбирлениўши ҳәм айыпланыўшылардан сораў алыў менен шеклениў жетерлише күткен нәтийжени бермеўи мүмкин. Сонлықтан, айрым жағдайларда, бул ҳалат жынаят иси бойынша дәслепки тергеўдиң толық емеслиги ҳәм бир тәреплеме әмелге асырылыўына себеп болыўы мүмкин. Бундай шараятта экспертизаның роли асып тек ғана жынаят иси бойынша дәлил топлаў ҳәм басқа дәлиллерди тексериўге емес бәлким тергеушиге тергеў версияларын көбейтиўге хызмет етиўши бағдар бериўге үлкен хизмет қылмақта.

Соның ушын да суд экспертлериниң қалыс, илимий тийкарланған жуўмақлары жынаят, ҳәкимшилик, пуқаралық ҳәм хожалық ислери бойынша әдалатты тәмийнлеўдиң әҳмийетли қуралы. Усы орында заманагөй илимий техника жетискенликлерине тийкарланған суд экспертизасының сорастырыў,

дәслепки тергеў ҳәм әдил судлаўды әмелге асырыўда әҳмийетли орын тутыўын айрықша атап өтиў орынлы.

Экспертизаның әдил судлаўды әмелге асырыўдағы ҳәм де жынаятларды тергеў ҳәм ашыўдагы орны ҳәм әҳмийети ҳаққында юридикалық әдебиятларда ҳәр турли көз-караслар баян етилген.

Бул тийкарда проф. М.Ҳ.Рустамбаев ҳақлы турде айтып өткениндей, «жынаятты ашыў ҳәм тергеўдиң теориялық тийкарларын ислеп шығыўда басқа ҳуқықый пәнлер арасында криминалистика тийкарғы орынды ийелейди, деп айтсақ қәтелеспеген боламыз. Ҳәзирги күнде тергеўдиң нәтийжелилигин асырыўда әдил судлаўды тәмийинлеўде криминалистика техникасына тийкарланған ҳәр түрли арнаўлы билимлерди қолланыў арқалы өткерилетуғын экспертизалар салмақлы орынды ийелейди»[1].

Б.Б.Ҳидоятов орынлы тәриплегениндей, «көпшилик жагдайларда тергеўшилер экспертиза әҳмийетин тусинбестен оған исенимсизлик пенен қарайды, лекин айрым жағдайларда тек ғана экспертиза жәрдемине суйенип қурамалы ҳәм қыйын жынаятларды ашыў мүмкин екенлигин умытып қояды»[2]. Бул пикир, әлбетте, итибарға ылайық.

Сондай-ақ, Р.А.Муҳиддинов «жынаятшылыққа қарсы гүресте экспертизаның роли жудә әҳмийетли. Жынаят ислерин нызамлы тийкарланған ҳәм әдалатлы шешиў ис бойынша ҳақыйқатты анықлаўда экспертиза жуўмағының әҳмийети ҳәм орны айрықша» деп өз пикирин билдирип өтеди[3].

К.И.Исаров да экспертизанын әдил судлаўды әмелге асырыўдағы орны ҳаққында пикир билдирип, «жынаятшылықтың алдын алыў, жынаятларды ашыў жынаят процессинде әдалатлы өлшемлерге әмел қылыўда дәлиллер

[1] Алимова Р., Отахўжаев С. Суд экспертизасини ташкил қилиш ва ўтказиш масалалари. Ўқув қўлланма. Маъсул муҳаррир: проф. М.Ҳ.Рустамбаев. – Тошкент: Янги аср авлоди, 2001. – Б. 3.
[2] Хидоятов Б.Б. Следственные действия, проводимые в уголовном процессе: учебное пособие. – Т.: Издательство ТГЮИ, 2006.- Б. 194.
[3] Муҳитдинов Р.А. Жиноятчиликка қарши курашда суд экспертизасининг роли // "Ўзбекистонда суд экспертизанинг ривожланиш истиқболлари" мавзусидаги Республика идоралараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б.13.

дурыслығын тәмийнлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери қорғалыўының тийкарғы кепиллиги болыўын итибирға алған ҳалда илим-пән жетискенликлеринен өнимли пайдаланыў әҳмийетли болып, бунда экспертлердиң орны айрықша» деп көрсетеди [1].

С.А. Отахўжаев бул бағдарда «заманагөй шараятларда ҳәр бир түрдеги искерликтиң нәтийжеси биринши орында бул искерликтин ўазыйпаларын шешиўде пән ҳам техника жетискенликлеринен пайдаланыўды талап етеди. Бул жетискенликлерди ҳуқықый жақтан қорғаў әмелиятына енгизиўде тийкарғы орынды суд экспертизасы ийелейди. Сол себепли пән ҳәм техниканың заманагөй имкәниятларына тийкарланған экспертизадан кең түрде пайдаланыў әҳмийетли рол ойнайды ҳәм экспертизанын теориялық ҳәм әмелий мәселелерин раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе» деп ҳақлы рәўиште билдирип өтеди[2].

Проф. Ю.С.Пўлатовтын айтыўынша: «экспертиза әмелиятында материаллық обьектлерди изертлеўдиң физикалық, химиялық, минерологиялық, әмелий математика хам басқа тәбийий хам техникалық пәнлердиң жетискенликлерин қолланыўды өз ишине алған жаңа нәтийжели усыллар еңгизилди. Әсиресе бундай усылларды ҳәр түрли материаллар, затлар хам буйымларды тексериў ўактында кең турде пайдаланылады. Бул экспертиза тексериўи процессин кеңейтип ғана қоймай, бәлким экспертизаларды тергеў тактикасы тәреплерин өзгертиўге де алып келеди»[3]. Әлбетте, алымның бул пикир ҳәзирги заманда өз әҳмийетине ийе.

Тергеў процессинде де, жынаят ислерин көрип шығыў ўақтында да экспертиза тайынлаў ҳәм өткериў кең тарқалған. Олар дәслепки тергеў

---

[1] Исаров Қ.И. Одил судловни амалга оширишда суд экспертизасининг ўрни // “Ўзбекистонда суд эксперт изасининг ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги Республика идоралараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б. 14.

[2] Отахўжаев С.А. Суд экспертизасининг ҳозирги босқичдаги долзарб муаммолари // “Ўзбекистонда суд эксперт изасининг ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги Республика идоралараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б. 24.

[3] Пулатов Ю.С. Экспертизага жўнатилиши керак бўлган материаллар, моддалар ва буюмларга оид ҳужжатли маълумотларнинг хусусиятлари // “Суд экспертиза ютуқлари ва ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги илмий-амалий конференция. – Тошкент, 2001. – Б. 39.

органлары ҳәм судлардың тапсырмасына муўапық әмелге асырылады. Сол себепли олар суд экспертизалары деп аталады.

Жынаят процессинде экспертиза айрықша процессуал ҳәрекетлерден болып, оның жуўмағынан дәлил сыпатында пайдаланыў мумкин. Экспертиза Жынаят-процессуал кодексиниң 172-статьясына муўапық, сорастырыў, дәслепки тергеў ҳәм суд мәжлиси ўақтында илим-пән, көркем-өнер, техника, мәденият, кәсип тараўлары бойынша арнаўлы билимлерге ийе болған жынаят процесси қатнасыўшысы билимлерине мутәжлик сезилгенде өткериледи. Бунда, Жынаят-процессуал кодексиниң 67-статьясына муўапық, жуўмақ бериў ушын зәрур билимге ийе болған ҳар қандай шахс эксперт сыпатында шақырылыўы мўмкин. Сондай-ақ, Жынаят-процессуал кодексиниң 180-статьясына муўапық экспертиза тийисли экспертиза мекемеси эксперти ямаса басқа физикалық щахс болған қәнийге тәрепинен сорастырыўшы, тергеўши, прокурордың тайынланыўы тийкарында қатнасады.

Тергеў процессиниң актив қатнасыўшыларының бири қәниге болып табылады. Жынаят процессуал нызамшылығының раўажланып барыўы дәлиллеўде қәнигениң роли артып баратырғанын көрсетеди. Қәнигениң әҳмийети тергеўшиге дәлиллерди беккемлеўде, алыўда, өзиниң арнаўлы билим ҳәм тәжрийбелерин қолланып жәрдем бериўден ибарат болып табылады.[1]

Қәнигениң ҳуқық (тергеў ҳәрекети қатнасыўшыларына саўал бериў, баяннамаға киритилиў, нызам бузылған жағдайлар ҳаққында арза бериў) ҳәм миннетлериниң (тергеўшиниң дыққат орайындағы жағдайлар ҳаққында мағлыўматларға дыққат аўдарыў, ол тәрепинен әмелге асырылып атырған жағдайлар бойынша түсиниклер бериў) жыйындысы ҳаққында реже оның ролин тергеўшиниң илмий жердемшиси сыпатында анықлап береди.

Тергеў ҳәрекети процессинде дәлиллик мағлыўматларды излеўди, табыўды. алыўды тергеўшиниң өзи әмелге асырады, ал қәниге болса илмий-

[1] Казиняи Г.С., Соловьев А. Проблемы эффективности следственных действий. – Ереван. 1987. – Б. 53.

техникалық қураллар менен ислесиўде, издиң бейимлесиў процессин ҳәм өзгешелигин есапқа алған жағдайда тергеўшиге жәрдем береди.

Қәнигениң билиў хызметиниң өзине сай өзгешелиги оның қолланылып атырған усылларының көрсетпелилигинде.

Бул усыллар тергеў ҳәрекетиниң қатнасыўшыларына түсиникли болыўы шәрт. Оны түсиниў ушын арнаўлы билимлер болыўы шәрт емес. Қәниге хызметин тексериў деп атаған менен оны экспертлик изертлеў менен теңлестириўге болмайды. Себеби, экспертлик изертлеў тергеў ҳәрекетинен сыртта өткизилип, көргизбе усыллар қолланбаған жағдайда арнаўлы билимлер нәтийжесинде алынады ҳәм буны алыў қуралларын түсиндириў зәрүр. Эксперт тексериўиниң нәтийжеси жуўмақ болып табылады.

Қәниге тәрепинен исленген операция бойынша берилген түсиниклер дәлиллик әҳмийетке ийе емес ҳәм тергеў ҳәрекети баяннамаында беккемлениўи шәрт емес. Тергеў ҳәрекетиниң процессуал формаларын жәнеде раўажландырыў мақсетинде қәнигелерди сораў алыўда қатнастырыўға тартыў зәрүр. Мысалға, жас өспиримлерден сораў алыўда бала психологиясын ҳәм педагогика қәнигелерин қатнастырыў, профессионал операциялар ҳаққында көрсетпе бериў ўақтында бухгалтериялық есапты жақсы билетуғын қәнигени, техника қәўипсизлиги қурыў механизмлерин эксплуатация қылыў бойынша қәнигелерди шақырыў мақсетке муўапық болады.

Тергеў ҳәрекетинде әҳмийетли орынлардан бири дилмашқа берилген болып, нызамда оннан сораў алыўға ҳәм басқада аўызша мағлыўмат алыўға қатнасыўын белгилеп берген. Дилмаш ўазыйпасы оған тапсырылған мағлыўматларды толық ҳәм дурыс аўдарыў тергеў ҳәрекети өткизилип атырған тилди ҳәм айыпланыўшы, жәбирлениўши, гүман қылыныўшы, гүўа айыпланыўшының қорғаныўына ҳуқықый кепиллик болып есапланады ҳәм сораў алыныўшының нызамлы мәплерин қорғаўда эффектив курал болып хызмет етеди. Бул көрилип атырған классификацияның ушинши топарына

қорғаўшы, жасы жетпеген жас өспиримлердиң нызамла ўәкиллеры яки оның жақын қарындаслары, қалыс гүўалар, тинтиў ҳәм тартып алыў өткизилген шахслар өз-ара бир қатар белгилер менен ажыралып турса да олар улыўма хызмет функциясы менен бирлестирилген: жоқарыда көрсетилген шахслар тергеў ҳәрекетинде қатнасып тергеўдиң бир тәреплеме кетиўиниң алдын алады. Ис ушын әҳмийетке ийе мағлыўматлардың көрсетилиўине себепши болады. Қалыс гүўалар қатнасқан тергеў ҳәрекетлериниң толық яки анық бөлимлери физикалық өзгешеликлерге ийе мағлыўматтың сәўлелениўине қаратылганлығын билиў қыйын емес. Буннан қалыс гүўалар функциясы келип шығады: фактти, тәкирарланыўы мүмкин сөйлейтуғын тилди билиўи, тергеўшиге түсиниксиз тилдеги мағлыўматларды түсиниўге мүмкиншилик жаратады. Сораў алыў процессинде дилаш баяннамадағы мағлыўматларды сораў алыныўшыға аўдарып береди. Бул сораў алыныўшыға жазып алынған мағлыўматтың туўрылығына исеним пайда етеди ҳәм бул жағдайда оған қосымша ҳәм анықлык киргизиўге жәрдем береди.

Жоқарыдағылардан дилмаштың процессуал функциясы белгили дәрежеде қәнигениң функциясына жақын екенлигин көриўимиз мүмкин. Ол өзиниң арнаўлы билимлерин пайдаланып тергеўшиге дәлил топлаўда жәрдем береди. Бирақ нызам шығарыўшы аўдармашыны тергеў ҳәрекети қатнасыўшысы сыпатында көрсетеди. Бунда аўдармашының функциясы қәнигениң функциясына салыстырғанда белгили дәрежеде кеңирек екенлигин түсиндириў мүмкин. Оның хызмети суд процессинде өз ана тилинде сөйлеў конститутциялық принципин әмелге асырыў.

Соның ушын қалыс гүўалар бул тергеў ҳәрекетиниң анық дәрежеде қатнасыўшылары пикирин билдириўге ҳақылы, бул пикирлер баяннамаға киритилиўи шәрт. Қалыс гүўалар қатнасыўы тергеўшиден жынаят процессуал нызам талаплары көрсетпелериниң сақланыўын талап қылады. Булардың барлығы тергеў ҳәрекети қалыс гүўалардың қатнасыўын

ҳақыйқатлықты анықлаўда тергеўшиниң ҳәрекетлерин нызамлы тәризде әмелге асырыўға кепиллик береди.

## 1.3. Тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлиги, тергеўши ҳәм бақлаўды әмелге асырыўшы прокурордың өз-ара қатнасларының этикалық өзгешеликлери

Раўажланған демократик мәмлекетлер сыяқлы Өзбекстан Республикасындада инсан ҳуқықлары, еркинликлери, олардың қәдир-қымбатын қорғаў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилген ҳәммемизге мәлим. Бул процесс, әсиресе, суд-ҳуқық реформаларының ҳәзирги басқышында айрықша итибарға алынған. Бул ҳалатлар жынаят-процессуал нызамшышығының, соның ишинде, дәслепки тергеўдиң өз ўақтында әмелге асырылыўында сезилерли дәрежеде көзге тасланбақта[1].

Өзбекстан Республикасы Жынаят процессуал кодексиниң 36-статьясына муўапық, дәслепки тергеў даўамында тергеўши өз өндирисиндеги ис бойынша тергеў бағдарын ҳәм тергеў ҳәрекетлери бойынша барлық қарар ҳәм шешимлерди ғәрезсиз рәўиште қабыллайды. Бирақ, тергеўши прокурордың разылығы талап етилетуғын тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда оның рухсатын алыўы шәрт. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин өткериўде тергеўши 24 саат ишинде прокурорға хабар бериўи лазым[2].

Тергеў ҳәрекетлерин өткизиўди тәртипке салыўшы нормалардың логикалық дүзилисин изертлеў тергеўшиге ҳәм тергеў ҳәрекетиниң басқа қатнасыўшыларына белгиленген көрсетпелерин бир қыйлы белгилер

---

[1] Утениязов Қ. Суд-ҳуқуқ ислоҳотлари ва дастлабки тергов: муддатлар ҳамда уларнинг ўзига хос жиҳатлари // «Пуқаралық жәмийет қурыўда демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Н□кис: ҚМУ, 2011. – Б.74-75.

[2] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 70.

бойынша айырып алыў ҳәм топарларға бөлиўге мүмкиншилик береди. Бунда улыўма тергеў ҳәрекетлери институтының ишки дүзилиси ҳаққында түсиникке ийе боламиз. Бул өз-ара байланыслы үш топар қағыйдаларды бирлестиреди:

*Биринши топар.* Тергеў ҳәрекетлерин өткизиўге мүмкиншилик беретуғын жағдайларды, яғный, оның тийкарын анықлап береди. Егер тергеў ҳәрекетлерин ҳуқықый тәртипке салыўды улыўмаластырылған қағыйда сыпатында алсақ онда бул норманың гипотезасы ҳаққында сөз барады.

*Екинши топар.* Тергеўши ҳәм тергеў ҳәрекетлериниң басқа қатнасыўшыларының ҳәрекетлерин туўрыдан-туўры тәртипке салыўшы қағыйдаларда көринеди. Оған улыўмаластырылған норманың диспозициясы сыпатында қарасақ болады. Буған: а) тергеў ҳәрекетинде қатнасыўшы шахслар, олардың ҳуқық ҳәм миннетлери; б) тергеў ҳәрекетлериниң қатнасыўшыларының ҳуқық ҳәм еркинликлерине кепилликлери; в) анықлаў ҳәм қыдырыў операцияларының мазмуны, олардың нәтийжелигин тәмийнлеўши жағдайлар; г) гүўаландырыў операцияларының мазмуны.

*Үшинши топар.* Үшинши топар қағыйдалары тергеў ҳәрекети қатнасыўшыларының өзлерине жүкленген миннетлерин орынлаўды тәмийнлеў мақсетинде тергеўши қолланыў ҳуқықына ийе болған мәжбүрлеў шараларын анықлап береди[1].

Жоқарыда көрсетип өтилген қағыйдалар тергеў ҳәрекетлерин ҳәм оның қатнасыўшыларының ис-ҳәрекетлериниң мазмунын белгилеп береди. Бул қағыйдалардың жыйындысы тергеў ҳәрекетлерин өткизиў ҳаққындағы шешимдиң тийкарланғанлығын, ис бойынша ҳақыйқатлықты жасырыўға қызығыўшы тәреп болған шахслардың еркинен тыс ис бойынша әҳмийетке ийе болған дәлиллер-мағлыўматларды алыў мүмкиншиликлерин

[1] Селезнев А.И. Следственные действия: процессуальная характеристика, тактические и психологические особенности. – М.: Юридическая лиетарутар. 1994. - Б. 21

тəмийнлейди. Өз гезегинде, бул ис-ҳəрекетлерди əмелге асырыўда тергеўшиден этикалық тəрептен жетилискен болыўы талап етиледи.

Улыўма алғанда, əдеп-икрамлылық принциплери белгили бир шахс жаратпаған, ол белгили социаллық қатнасықларға муўапық, материаллық ҳəм руўхый турмыс процессинде адамлар социаллық турмыстың, əдеп-икрамлылық қатнасықларының талапларын бир қанша улыўмаласқан ҳалда сəўлелендиретуғын əдеп-икрамлылық сана формалары сыпатында пайда болған нызам қағыйдалары есапланады. Усыған муўапық улыўма инсанның əдеп-икрамлылық принциплери деп жəмийеттиң руўхый санасында ислеп шығылған, инсанның руўхый мазмунына, миннетине, өмирдиң мазмунына ҳəм өз-ара байланыслардың тəбиятына байланыслы болған улыўма талапларды сəўлелендиретуғын, көрсетип беретуғын ҳəм белгили минез-қулқ нормаларына тийкар болып хызмет ететуғын нызам-қағыйдаларға айтылады[2].

Тергеўшиниң процессуал ғəрезсизлиги, сондай-ақ тергеўши ҳəм бақлаўды əмелге асырыўшы прокурордың өз-ара қатнасларының этикалық өзгешеликлерин көрип шығыў дəўиринде этика категорияларынада айрықша итибар қаратыўымыз лазым. Себеби, тергеўши бақлаўды əмелге асырыўшы прокурор менен өз-ара қатнасықта этика катерияларын олық сақлаўы тийис. Этика категорияларының улыўма сыпатламасы төмендеги қəсийетлерге ийе болып табылады:

Биринширен, этика категориялары тек ғана этикалық тараўда емес, бəлки басқа пəн тараўларында да қолланылады. Ҳəр қандай теория, ойлап табыў ҳəм илимий қарастың тийкарында белгили қадрият бар, яғный ол усы ис не мақсетте қылынған, ол жақсы ма яки жаман нəрсе ме, деген саўалдан тысқары болалмайды. Солай етип əмелиятта əдеп-икрамлылық ислеринен тысқарыда болған нəрсениң өзи жоқ.

---

[2] Словарь по этике / Коллектив авторов. – М.: Политиздиать, 1989. – Б. 229-230.

Екиншиден, этика категориялары (мысалы: ўатанды сүйиўшилик, әдалат, жуўапкершилик ҳ.т.б.) бир ўақыттың өзинде басқа пәнлер-сиясий, экономикалық ҳәм ҳуқықый пәнлердиң де категориялары есапланады. Бул әдеп-икрамлылық категорияларының араласпа белгилерине ийе екенлигин көрсетеди. Араласпа бир тәрептен, әдеп-икрамлылық тәрбия ушын басқа пән тараўларын өзинде бирлестирген ҳалда ис көриўин көрсетсе, екинши тәрептен, басқа пән категорияларына әдеп-икрамлылық мазмун бағышлаўын, олардың әдеп-икрамлылықтан тысқарыда емеслигин де көрсетип береди.

Үшиншиден, этика категориялары өзиниң кең қайраўлылығы менен ажыралып турады. Бул категориялар инсан өмириниң бәрше тараўларын, яғный туўылыўдан өмирдиң соңғы күнлерине дейинги болған мийнет, мухаббат күнделикли минез-қулқ, қатнасық-ҳәммесин өзинде улыўма тәризде сәўлелендириўи менен ажыралып турады.

Төртиншиден, этика категориялары адамлар ҳәрекетлери, минез-қулқын жәмийет талаплары көз-қарасынан мақуллаў яки қаралаў, яғный әдеп-икрамлылық тәрептен баҳалаў мүмкиншилигине ийе[1].

Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, жоқарыда көрсетип өтилген этика категорияларына тек ғана тергеўши емес,бәлким, прокурорда әмел қылыўы тийис. Себеби, бул жерде ҳәр бир жынаят исиниң нызам шеңберинде әдил, сыпатлы ҳәм тез шешилиўи менен байланыслы болған мәмлекет мәпи әмелге асырылыўы тийис.

Тергеўшиниң өз ўәкилликлерин ҳәм ис-ҳәрекетин әмелге асырыў тийкарындағы ҳәрекетлери, биринши нәўбетте, жәмийеттеги жүрис-турыс қағыйдаларына ҳәм ҳуқық қорғаў уйымларының этикалық талапларына жуўап бериўи лазым. Тергеўшиге оғада жуўапкерли ўазыйпаларды шешиў мәжбүрияты жүкленген. Ол жынаятты тез ҳәм толық ашыўы, айыпланыўшыны анықлаўы, судта исти көриў ушын зәрүрли шараятлар

[1] Мухаммадинов М. Ички ишлар идоролари ходимларининг касб этикаси ва эстетик маданияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: ИИВ Академияси, 1998. – Б. 91-92.

дүзиўи тийис. Жынаятларды ашыў ҳәм тергеў – тергеўшиден жоқары шеберликти талап ететуғын қурамалы процесс. Тек өз бетинше ҳәм өз исеними бойынша ҳәрекет ететуғын тергеўши ғана иске усындай қатнас жасаўы мүмкин. Тергеў жумысы пассивлик, рәсмийлик ҳәм бюрократлық пенен сыйыспайды.

Тергеўшиниң ғәрезсизлиги ҳәм еркинлиги мәселесин еки аспектте қарастырыў зәрүр.

*Биринши аспект.* Ис бойынша пайда болған мәселелерди шешкенде тергеўши қандайда бир сыртқы тәсирлерге, атап айтқанда, жергиликли ҳәкимият уйымлары, лаўазымлы шахслар тәрепинен тәсирлерге ғәрезли емес. Ис бойынша шешим қабыллағанда тергеўши, судья ҳәм прокурорға уқсап, дәлиллерди өзиниң ишки исенимине сәйкес баҳалайды, нызамды басшылыққа алады.

*Екинши аспект.* Тергеўшиден принципиаллық, қәлеген қысымға қарсы турыў уқыбы талап етиледи. Тергеўшиниң өзи де айырым «белгили» ислердиң дөгерегинде атмосфераны бөрттирмеўи тийис. Ол сенсациялардан қашыўы керек.

Тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлиги ҳаққында мәселениң екинши тәрепи тергеўди қадағалайтуғын прокурор менен өз-ара қатнасықларына тийисли. Белгили болғанындай, прокурор дәслепки тергеў өндирисинде нызам орынланыўын тек бақлап қалмастан, тергеўге басшылық та етеди.

Дәслепки тергеў органларында бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор кең ўәкилликлерге ийе. Дәслепки тергеў органлары тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў арқалы, прокурор өз ўәкиллилликлери шеңберинде дәслепки тергеў органларында ислерди тексериў ушын, исленген жынаятларға тийисли оператив-қыдырыў, дәслепки тергеў жумысларының барысына тийисли ҳүжжетлерди, материалларды ҳәм басқа мағлыўматларды талап қылып алады ҳәм ис бойынша айыплаў жуўмақты тастыйықлап, жынаят исин судқа жибереди.

Прокурор жынайый қуўдалаўды әмелге асырыўшы, жынаят ислерин тез, ҳәртәреплеме, қалыс тергеў қылыныўына басшылық етиўши ҳәм бул ҳәрекетлер үстинен бақлаўды алып барыўшы тийкарғы мәмлекетлик орган болып есапланады[1].

Дәслепки тергеў имканы барынша тез ҳәм толық өткизилиўи лазым. Оны әмелге асырыўды бийпәрўалық, жуўапкерсизлик ҳәм өз мәжбүриятларына немқурайдылық пенен қаралмаслығы лазым. Себеби, юрист-алым Б.Х.Пўлатовтың белгилеп өткениндей «Жынаятшылыққа қарсы гүресте дәслепки тергеўдиң әҳмийети оғада үлкен»[2]. Бирақ, жынаятты ашыў ҳәм оны әмелге асырған шахсты анықлаў барысында ушырайтуғын айырым қәте-кемшиликлер жынаят иси бойынша барлық тергеў ҳәрекетлерин ақырына шекем жеткизип, нызамлы қарар қабыл етиўге имканият бермеўи мүмкин. Бундай жағдайларда даслепки тергеўди тоқтатыўдың жынаят-процессуал нызамшылығында төрт жағдайы көрсетилген. Олардың ҳәр бири жынаят исин тоқтатыў ушын тийкар болып саналады.[3]

Өз гезегинде, жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў – тергеў процессинде тергеў жүргизилиўине тосқынлық қылатуғын ҳәм тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар пайда болыўы мүнәсибети менен әмелге асырылады. Жынаят иси бойынша тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўди тоқтатыў дәслепки тергеў, судта қарап шығыўға таярлаў ҳәм судта көрип шығыў ўақтында да әмелге асырылыўы мүмкин. Тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўди тоқтатыў түсиниги дәслепки тергеў даўамында әмелиятта көбирек қолланылады. Себеби тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар тап усы дәслепки тергеў процессинде көп ушырайды, бул жағдайды сапластырғаннан кейин ғана дәслепки тергеўди жүргизиў мүмкин болады.

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 598-601.
[2] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, 2009. – Б. 178.
[3] збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 574.

Демек, прокурор дәслепки тергеў даўамында жүдә кең ўәкилликлерге ийе. Бирақ бул тергеўшини процессуал ғәрезсизлигинен айырмайды, керисинше, тергеўшиниң процессуал статусын беккемлейди.

Жазба түрде берилген прокурордың көрсетпелери тергеўши ушын миннетли. Усының менен бирге тийкарлар тергеўшиниң процессуал өнимшилигин анағурлым кеңейиткен: прокурор тергеўшиге истиң негизине байланыслы көрсетпелер орынлаўды талап етиўге ҳақысы жоқ. Егер прокурор тергеўшиниң шешимине келисим бере алмаса, ол тергеў өндирисин басқа тергеўшиге тапсырыўы мүмкин.

Тергеўши ҳәм прокурор арасында өз-ара қатнасықлар тек ғана жынаят-процессуал нызамшылық талапларын қатаң сақлаўды талап етип қоймастан, соның менен бирге олардың ҳәр қайсысы бир қатар этикалық талапларды орынлаўын да талап етеди. Тергеўши соған тийкарланыўы тийис, тергеў үстинен прокурордың қадағалаўы, прокурордың конкрет басшылығы ҳәм жәрдеми оның абыройын кемейтпейди ҳәм процессуал еркинликтен айырмайды, ал, керисинше, нызамшылықты тәмийинлеўге жәрдемлеседи, алдын ала тергеўди жақсылаўдың сөзсиз шәрти болып табылады. Соның ушын тергеўшиге зәрүр болған принципиаллық «өжетликке», яғный тергеўшиниң прокурор тәрепинен берилген тийкарлы көрсетпелерди орынламаўшылыққа айланбаўы тийис.

Тергеўши прокурордың буйыртпаларын орынлайтуғын техникалық хызметкер емес, ал дәслепки тергеўдиң ғәрезсиз субъекти екенлигин прокурор умытпаўы керек. Тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлигин тәмийинлеў ҳаққында нызам талапларын қатан сақлаў дәслепки тергеўди дурыс жүргизиў шәртлериниң бири.

Егер прокурор тергеўшиниң сөзсиз бойсыныўын талап етсе, бул жағдай дәслепки тергеўдиң сыпатлы жүритилиўине унамсыз тәсирин тийгизиўи мүмкин. Өз пикирине ийе емес тергеўши жақсы болмайды. Прокурор тәрепинен тергеўшиниң процессуал еркинлигин кемситиў, оны

өзине бойсындырыўға урыныў тергеўши кадрларды тәрбиялаўға кери тәсир жасайды. Прокурор болса, өз гезегинде, тергеўшиниң еркинлигин кемситпеўи керек, ал, керисинше, оны беккемлеўи тийис.

## Биринши бап бойынша жуўмақлаў

Дәслепки тергеўди Өзбекстан Республиксының Ишки ислер министрлиги, Прокуратурасы ҳәм Миллий қәўипсизлик хызмети тергеўшилери әмелге асырады. Жынаят процессинде дәслепки тергеў субъектлери – булар дәслепки тергеўди  шөлкемлестириўши ҳәм оны әмелге асырыўшы лаўазымлы шахслар болып есапланады. Бундай лаўазымлы шахслар қатарына төмендегилер киреди: прокурор; тергеўши; тергеў басқармасы, бөлими, бөлимшеси, топары баслығы ҳәм оның орынбасарлары киреди. Сорастырыўшы тергеў ҳәрекетлерин тек ғана жоқарыда көрсетип өтилген шахслардың тапсырмасы тийкарында әмелге асырыўы мүмкин.

Дәслепки тергеўди алып барыўда кеңирек ўәкилликлерге ийе лаўазымлы шахс – прокурор болып есапланады. Прокурордың дәслепки тергеўди алып барыўы тийкарынан еки түрли формада, яғный дәслепки тергеўди прокурордың жеке өзи алып барыў ҳәм бақлаў арқалы алып барыўы. Дәслепки тергеў ҳәр тәреплеме объектив ҳәм толық болыўы ушын прокурор бақлаўы менен тәмийинлениўи тийис. Прокурор бақлаўы тергеў яки басқа процессуал ҳәрекеттиң мазмунын, тактикалық операцияны яки улыўма жынаят исин, оның нызамлылығын ҳәм тийкарланғанлығын үйрениўди өз ишине алады. Тергеў ҳәрекетиниң нызамлылығын анықлаў оның мазмунын изертлеўден ҳәм баҳалаўдан ажыралмайды. Солай етип, тергеў сапасы ҳәр қашан да прокурор бақлаўына байланыслы болады. Бул - нызамлылық ҳәм объектив шынлық. Оны бузыў – демек, өз-ара байланысқан еки элементке де зыян келтириў болып есапланады: дәслепки тергеўге де, прокурор бақлаўына да. Бул байланыс толығы менен дәслепки тергеўди шөлкемлестириўде пайдаланылыўы лазым.

Дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли ең тийкарғы лаўазымлы шахс – тергеўши болып есапланады. Белгили бир процессуал фигура сыпатында тергеўшиге жынаят исин толық ҳәм ҳәр тәреплеме тергеў ушын жынаят-процессуал нызамында көрсетилген барлық шараларды көриўге, процессуал ҳәм тергеў ҳәрекетлерин бийғәрез әмелге асырыўға, топланған дәлийиллерден келип шығып жуўмақлар шығарыўға ўәкиллик берилген. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыўда кең процессуал статусқа ийе болған шахслардың ең тийкарғысы болып есапланады.

Ис ушын әҳмийетли болған ҳалатларды толық, ҳәр тәреплеме ҳәм қалыс тексериў бойынша  талаплар дәслепки тергеў органлары ушын да мәжбүрий болып есапланады. Яғный, тергеўши судта ҳүким шығарыў ушын тийкар болатуғын мәселелерди шешиў ушын зәрүр ҳәм жетерли дәлиллерди топлаўы керек.

Жынаятшылыққа қарсы гүресте анаў яки мынаў дәрежеде барлық ишки ислер органлары хызметкерлери қатнасады. Тийкарынан тергеўде милиция қатнасады. Ол ҳәрекеттеги жынаят-процессуал нызамшылыққа муўапық сорастырыў органы болып есапланады. Ишки ислер органларының тергеўде қатнасыўы (усы органлардың тергеў аппаратларынан басқа) жынаят-процессуал нызам нормалары менен ретлестириледи.

Тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда жынаят процессиниң лаўазымлы шахслары есапланбаған шахслар мүмкин. Бул шахслар айыпланыўшы, гүман қылыныўшы, жәбирлениўши, пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер, олардың ўәкиллери, қорғаўшылар (адвокатлар), экспертлер, гүўа, қалыс гүўалар, қәнигелер, дилмашлар ҳәм басқалардан ибарат. Олардың барлығы ҳәр қыйлы процессуал искерликти әмелге асырады, ҳәр бир қатнасыўшының бул искерлик мазмунына тийкарланған болыўы оның ҳуқықый жағдайлары менен белгиленеди. Ҳар бир қатнасыўшының искерлигине анық характеристиканы төмендегилерди есапқа алған жағдайда бериў мүмкин: жынаят ҳәдийсесин дәлиллеўде жәрдем бериў; тергеўшиниң дәлиллик

мағлыўматларын алыў процессиндеги функциясы; тергеў ҳәрекетине қатнасыў мәжбүрияты.

Ис бойынша барлық жағдайларды анықлаў миннетин атқарыў субъекти, булар - тергеўши яки нызамда белгиленген тәртипте тергеўге қатнасыўшы (сорастырыў алып барыўшы орган баслығы, прокурор) ҳәм басқада лаўазымлы шахслар.

Тергеў ҳәрекетиниң көп ғана қатнасыўшылары өзиниң ҳуқықый жағдайы бойынша төмендеги түрлерге бөлиниўи мүмкин:

а) жынаят процессинде өзиниң ўәкилликли нызамлы орнына ийе ҳәм дәлил субъекти сыпатында қатнасыўшы шахслар;

б) дәлиллеў субъекти болмаған шахслар.

# II-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ТЕРГЕЎ ТОПАРЫ БАСЛЫҒЫНЫҢ ПРОЦЕССУАЛ ҲАЛАТЫ ҲӘМ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ

## 2.1. Тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстанның тез пәт пенен өсип барған сайын раўажланған мәмлекетке инсан оның ҳуқықлары мәплери ҳәм еркинликлерин ҳақыйқый қәдирият деп билетуғын демократиялық жәмийетлик-сиясий ҳәм пуқаралық институтларына ийе болған ғәрессиз ҳәм суверенли мәмлекетке айланыўын тәмийнлеп берген және көплеген шешиўши факторларды мысалға келтириў мумкин[1]. Бул реформалардың нәтийжеси сыпатында қабыл етилген Жынаят-процессуал кодексинде жынаят ислеринде ҳақыйқатты анықлаўды тәмийнлеўдиң ҳәм жынаят процессинде оперативлиликти тәмийинлеў мақсетинде тергеў институты ҳәм техника-технологияны дәслепки тергеў барысында пайдаланыў жетилистирилди. Себеби пән-техника раўажланыў жетискенликлерин ҳуқықты қорғаўшы органлар искерлигинде кең турде енгизиў, жынаят ислерин көриў сыпатын асырады жынаятқа тийисли дәлиллерди өз ўақтында қолга киритиў, жынаят садыр еткен шахсларды тез анықлаў ҳәм әшкар етиў имканиятын береди, жынаят суд ис журитиўи алдына қойылған мақсетлерге ерисиўди тамийнлейди. Бугинги кунде сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд искерлигинде тергеў ҳәрекетлерин шөлкемлестириўшилик ҳәм көпшилик болып кең пайдаланылмаған ҳалда қурамалы жынаят ислерин ашыўды көз алдымызға келтирип болмайды. Сонлықтанда, суд-тергеў әмелиятында айырым қурамалы ислер тергеў топарына тапсырылады.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекстиң 354-статьясына муўапық жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тергеўшилер топары баслығына тапсырыў тәртиби келтирип өтилген. Бул статьяғы

[1] Каримов И.А. Инсан мәплери ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийнлеў турмысымыздың және де еркин ҳәм абат болыўына ерисиў — бизиң бас мақсетимиз. // Еркин Қарақалпақстан 2012-жыл 11-декабрь.

муўапық, жынаят иси көп мийнетти талап етсе, жынаят иси қурамалы, жүдә әҳмийетли болса, прокурор яки тергеў бөлимшесиниң баслығы тап усы ис бойынша дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыўы мүмкин. Бундай тапсырма ҳаққында қарар шығарылыўы лазым болып, онда тергеў топарының баслығ ҳәм ағзалары көрсетип өтиледи. Егер дәслепки тергеўди тергеўшилер топарына тапсырыў ҳаққындағы қарар жынаят исин қозғатыў ҳаққындағы қарар менен бир ўақыттың өзинде қабыл етилген болса, ҳәр еки мәселе бир карардың өзинде баян етиледи. Топар қурамындаөзгерислер болған ўақытта ямаса топар баслығ өзгертирилгенде қарар шығарылады.

Демек, жынаят иси жүдә кең болып, ол көп эпизодлы, қурамалы ямаса жүдә қыйын болса, сондай-ақ, ис жүдә көпшилик тәрепинен ямаса шөлкемлесткен топарлар тәрепинен исленген болса ҳәм дәслепки тергеўди жүритиўди бирнеше тергеўшиге тапсырыў лазым болса, дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыў ҳаққында қарар шығарылады. Бул қарар прокурор тәрепинен ямаса тергеў бөлими баслығы тәрепинен шығарылыўы мүмкин. Қарарда тергеўшилер топарына кирген ҳәр бир тергеўшиниң лаўазымы, аты, фамилиясы жазылыўы керек[1].

Тергеўшилер топары ағзалары болған ҳәр бир тергеўши өзлерине жүклетилген процессуал функцияларды орынлап барады. Лекин, тергеўшиниң топар ағзасы сыпатындағы ўәкилликлерин тереңирек түсиниў ушын «процессуал функция» түсинигине айрықша итибар бериўимиз лазым. Жынаят-процессуал нызамшылығында процессуал функция деген түсиникке (ямаса терминге) айрықша тоқтап өтип, түсиндирмелер берип өтпеген. Бирақ, жынаят-процессуал илиминде ҳәм әдебиятларда бул термин ҳаққында

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 554.

көплеген илимпазлардың пикирлерин ушыратыўымызға болады, сонлықтан процессуал функция түсинигиде ҳәр турли аспектлерде түсиндириледи.

Бул мәселени теориялық жақтан көрип шығыў ушын «функция» сөзиниң мәнисин ашып алыўымыз керек болады. Функция сөзи латын тилинин functio сөзинен алынып, «искерлик», «белгили бир бағдар», «ўазыйпа», «қубылыс» мәнислерин береди. Демек, фнукция сөзи қандайда бир ўазыйпалар менен байлыныслы болып табылады[1].

Алым М.А.Якубтың көрсетиўинше, процессуал функция еки аспектте, яғный көз-карасларда түсиндириледи деп атап өтиледи. Оның илимий мийнетинде бир топар илимпазлар процессуал функцияны – жынаят-процессуал искерликтиң айрықша, өз алдына бир бағдары, түри, -деп есаплайды, ал екинши топары болса, процессуал функция- жынаят процессинде қатнасыўшы шахслар яки уйымлардың ўәкиллиги ҳәм ўазыйпалары деп түсиндиреди[2]. Олардан В.В.Шимановский «Процессуал функцияны- ҳәр бир процессуал қатнасыўшының процессуал ролин анықлап бериўши ҳәм баслы миннетлерин көрсетиўши тийкарғы процессуал ўәзийпа,- деп түсиндиреди. Ҳәр бир процесс қатнасыўшысы соның ушында оның пикиринше тек өзиниң ҳәм өзине ғана тән болған процессуал функцияны әмелге асырады»[3],-деп атап өтеди.

Усыған уқсас пикирди П.С.Элькиндте қоллайды. Оның жазыўынша «Нызам тәрепинен орнатылған тәртип жынаят процессуал искерлик ҳәм оны даўамлаўшы ҳуқықый қатнасықларда өз көринисин табады ҳәм бул искерликте ҳәм ҳуқықый қатнасықларда қатнасыўшылар белгили бир жынаят процессуал функцияларды жузеге келтиреди. Усы пикирлерден келип шығып Жынаят процессуал функция- ҳуқық нормалары менен анықланатуғын, тийисли бағдарларда сәўленетуғын жынаят процессуал искерликтиң арнаўлы

---

[1] Юридический словарь / Сост., предсл., прилож. А.Ф.Никитина. – М.: «ОЛМА-ПРЕСС» Образование, 2004. – Б. 587.
[2] Якуб.М.А. О понятии процессуальной функции в уголовном судопроизводстве. – М., 1973. – Б. 45.
[3] Шимановский В.В. К вопросу о процессуальной функции следователя в советском уголовном процессе. // Правоведение ,1965. №2. – Б. 175.

ўәзийпасы ҳәм оның қатнасыўшыларының роли түсиниледи[1]»,-деп атап өтеди. Бул жерде де процесс қатнасыўшыларының процессуал функциялары оның тийкарғы ўазыйпалары,- деп түсиндиреди. Нызам процесс қатнасыўшыларына ҳуқық ҳәм ўәзыйпаларды белгилеп береди: бириншиден ол ямаса бул процесс қатнасыўшылары ўәзыйпаларын нызам оның миннетлеринде сәўлелендиреди; екиншиден процесс қатнасыўшысына тийисли функцияны жүклетиў оның ўәзийпаларынан баска ҳеш нәрсе менен белгиленбейди. Мысалы: Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 12-статьясында Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапық жынаят ислери бойынша әдил судлаўды тек суд әмелге асырады» – деп көрсетилген[2]. Демек нызам бойынша судқа белгили бир ҳуқықлар менен бирге ўазыйпалар тапсырып, процесс қатнасыўшысына тән болған процессуал функцияны жүзеге келтирип атыр. Суд-жынаят процессинде әдил судлаўды әмелге асырыў, яғный исти шешиў функциясын алып барады.

Демек, улыўма тәртипте, тергеўши дәслепки тергеўде процессуал функцияларды орынлай отырып, жынаят исин анық, сапалы ҳәм тез шешеиў менен байланыслы болған функцияларды орынлайды. Сонлықтан, тергеўши айыплаўшы ямаса қорғаўшы функцияларды әмелге асырмастан, жынаят исин шешиў функциясын әмелге асырыўы лазым.

Дәслепки тергеўди тергеўшилер топарына тапсырыў ҳаққындағы қарар менен тергеў бөлимниң баслығы таныстырылады.тергеў бөлиминиң баслығы ҳәм дәслепки тергеў үстинен бақлаў алып барыўшы прокурорда дәслепки тергеўди бақлап барыў ўәкиллигине ийе[3].

Дәслепки тергеўди тергеўшилер топарына тапсырыў ҳаққындағы қарарда көрсетилиўи тийис болған ең әҳмийетли мәселе, бул – тергеў топары баслығын белгилеў болып табылады. Тергеў топары баслығы  дәслепки

---

[1] Элькинд П.С. Сущность уголовного процессуального права. – Лн.: Издательство ЛГУ, 1973. – Б. 54.

[2] Муаллифлар жамоаси. / □збекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексиги шархлар. – Т.: Адолат”. 2000. – Б. 19.

[3] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 555.

тергеўди тергеўшилер топарына басшылқты әмелге асырып, олардың ис-хызметин бақлап барады.

Солай етип, дәслепки тергеўди алып барыўшы тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты төмендегише:

- тергеў топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеўшиге тиккелей басшылық етеди;
- тергеў топары баслығы тергеў режесин дүзип шығады ҳәм реже тийкарында топар ағзалары болған тергеўшиге тапсырмалар береди;
- тергеў топары баслығы дәслепки тергеўдиң анық ҳәм сапалы алып барылыўына жуўапкер болады;
- тергеў топары баслығы топар ағзасы болғантергеўшиден процессуал жоқары ҳалатда болады;
- тергеў топары баслығы тергеў бөлимшеси ямаса басқармасы баслығына, сондай-ақ бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор алдында есабат береди;
- тергеў топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеўшиге буйрық ҳәам көрсетпелер бериўге ҳақылы.

Улыўма алғанда, тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты оның дәслепки тергеўдеги орнын белгилеп бериў менен бир қатарда оның тергеў топары ишиндеги ҳуқықый ҳалатын анықлайды. Процессуал қағыйда бойынша, тергеў топары баслығы сыпатында топар ағзалырына салыстырғанда үлкен ис тәжирийбесине ийе ҳәм хызмет бойынша тийисли жарлықларға ийе болған тергеўши тайынланады

Демек, дәслепки тергеўди алып барыўшы тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты оған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди жүргизиўге кең имканиятлар жаратады. Тергеў топары баслығы болса бундай процессуал имканиятлардан өз ўақтында ҳәм сыпатлы пайдаланыўы тийис, себеби, тергеў топары баслығы дәслепки тергеўдиң сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге

асырылыўына жуўапкер саналады. Бул болса, өз гезегинде, тергеў топары баслығының процессуал ҳалатының тийкарғы көриниси.

## 2.2. Тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери ҳәм оны әмелге асырыў тәртиби

Тергеў топары баслығы дәслепки тергеўди әмелге асырыў даўамында кең процессуал ўәкилликлерге ийе. Тергеў топары басшысы Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекстиң 355-статьясында белгиленген ўәкилликлерден пайдаланады. Тергеў топары баслығы болған тергеўши жынаят исин өз жүритиўине қабыл етип алады ҳәм дәслепки тергеўдиң улыўма бағдары ҳәм ақырғы нәтийжеси ушын, сондай-ақ, жынаят процессинде бул басқышта орынланатуғын ҳәрбир ҳәрекет ҳәм карардың нызамлы ҳәмде тийкарланған болыўы ушын толық жуўапкер болады.

Топар басшысы болған тергеўши төмендеги ўәкилликлерге ийе:

1) исти өзи басшылық етип атырған тергеўшилерге бөлистирип береди, олардың ҳәр бири орынлайтуғын ис бөлеги яки тергеў бағдарын белгилейди, айырым тергеў ҳәрекетлерин орынлаўды тапсырып, оларды орынлаў мүддетин белгилейди;

2) жеке өзи тергеў ҳәрекетлерин орынлайды ҳәм басшылығы астындағы тергеўшилер өткерип атырған айырым тергеў ҳәрекетлеринде қатнасады;

3) қарарлар шығарады, соның ишинде шахсты исте айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў, қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққында илтимаснаманы қозғатыў, исти толығы менен әки оның бир бөлегин сапластырыў ямаса тоқтатыў ҳаққында қарарлар шығарады;

4) прокурордың көрсетпелериниң орынланыўын тәмийинлейди, Жынаят-процессуал кодекстиң 36-статьясы 3-бөлиминде көзде тутылған

жағдайларда исти өз қарсы пикирлери менен қоса жоқарғы прокурорға жибереди;

5) сорастырыў органына тергеў ҳәм излеў ислерин жүргизиў туўралы тапсырмалар ҳәм көрсетпелер береди, сондай-ақ, оннан тергеўшилер орынлап атырған тергеў ҳәрекетлерин өткериўге жәрдем бериўди талап етеди, өзиниң тапсырмалары, көрсетпелери, талапларының орынланыўын бақлап барады;

6) жынаят себеплери ҳәм оның исleниўине мүмкиншилик берген шәрт-шараятларды с апластырыў илажлары туўралы усынаснамалар жибереди;

7) айыплаў жуўмағын дүзеди ямаса медициналық бағдардағы мәжбүрлеў шараларын қолланыў ушын исти судқа жибериў туўралы қарарлар шәғарады ҳәм тастыйықлаў ушын оларды ис пенен бирге прокурорға жибереди.

Тергеўшилер топары баслығы исте өзи басшылық етип атырған тергеўшилерге эпизодлар ямаса айыпланыўшылар дизими бойынша ямаса аралас усылда ўазыйпаларды бөлистирип береди[1]. Өз гезегинде, топар ағзалары болған тергеўшилер болса топар басшысының тапсырмасын, көрсетпесин нызамға қылап ҳәм тийкарсыз деп есапласа өзлериниң қарсы пикирлерин бериўге ҳақылы. Топар басшысы болса бул қарсы пикирлерди көрип шығып, яки өз тапсырмасы ҳәм көрсетпелерин бийкар етеди ямаса оны орынлаў ушын басқа тергеўшиге береди яки оны өзи орынлайды. Топар басшысының қарарынан наразы болған тергеўши прокурорға шағым етиўге ҳақылы. Прокурор болса үзил-кесил қарар қабыл етеди. Айырым жағдайларда бир тергеў ҳәрекетин бир неше тергеўшилер орынлайды. Бундай жағдайда тап усы тергеў ҳәрекетин өткериў ушын жуўапкер болған тергеўши тайынланады.

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 556.

Тергеў топары баслығы ҳәм оның орынбасарларының дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслардан есапланады. Тергеў топары баслығы ҳәм оның орынбасарлары тергеў органның жумысларын шөлкемлестириўге улыўма басшылық етеди, оны басқарады ҳәм өзине бойсынатуғын ҳәр бир тергеўшиниң шөлкемлестириў функцияларын оптимал әмелге асырыўына жәрдем береди. Тергеў аппараты баслығының шөлкемлестириў функциясын илимий талқылаўда ҳәр қыйлы уйымларда тергеў бөлимлериниң бар екенлигинен келип шығыў керек, яғный, Ишки ислер министрлиги, Прокуратура, Миллий қәўипсизлик хызмети. Бул уйымларда дәслепки тергеўди шөлкемлестириў мазмуны көбинесе уқсас болады.

Дәслепки тергеўде тергеў бөлими жумысларын ретлестириў арқалы сол органның белгиленген мақсет, ўазыйпа, функцияларынан, оның жумыслары мазмунынан, дүзилисинен ҳәм оның жумысларын баҳалаў өлшемлеринен келип шығады. Тергеў топары баслығының ўәкилликлери сол топардағы тергеў системасын улыўма ретлестириўди, топардың ҳәр бир тергеўшиси әмелге асыратуғын тергеўди процессуал қадағалаўды, жынаят ислерин ҳәм жынаятлар ҳаққындағы материалларды тергеўшилер арасында бөлистириўди, ҳәр бир тергеўшиниң ис жүклемесин ретлестириўди, тергеўшиниң сорастырыў органы менен бирге ислесиўин шөлкемлестириўди және оның сапасын қадағалаўды, тергеўшиниң шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм халық пенен бирге ислесиўин шөлкемлестириўди ҳәм оның нәтийжелилигин қадағалаўды, тергеўшилердиң профилактикалық жумысларын шөлкемлестириўди, тергеўшилерге басшылықты ҳәм дәслепки тергеў процессиниң материаллық-техникалық тәмийнатын ретлестириў менен байланыслы есапланады[1]. Сондай-ақ, тергеў топары жумысларын улыўма ретлестириў, сондай-ақ, жынаятлардың белгили бир

[1] Пособие для следователя: расследование преступлений повышенной общественной опасности. – М.: Изд-во «Лига-разум», 1999. – Б. 21-29.

категорияларына қарсы гүрес бойынша органның жумысларын анализлеўди, органлар, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик шөлкемлер, халық пенен бирге ислесиўдиң өзине тән машқалалы жағдайларын, тергеў органы жумысларының сапасын улыўма жақсылаў бойынша илажларды ислеп шығыўды да өз ишине алады[1].

Тергеў топары баслығы дәслепки тергеўди әмелге асырыў даўамында ўәкилликлерин илимий талқылаў ўақтында топар ағзалары болған тергеўшилердиңде процессуал ўәкилликлерине тоқтап өтиўимиз лазым. Топар ағзалары болған тергеўшилердиңде процессуал ўәкилликлери Жынаят-процессуал кодекстиң 356-статьясында көрсетип өтилген. Бул статьяға муўапық, топар ағзалары болған тергеўшилер тергеў баслығы болғантергеўши тапсырмаларын, көрсетпелерин орынлайды ҳәм бул ҳаққында оны хабардар қылады. Тергеў топары ағзалары болған тергеўшилер Жынаят-процессуал кодекстиң 356-статьясында көрсетип өтилген барлық мәжбүриятларды орынлаўы шәрт, егер, бундай болмаған жағдайларда оларға қарата топар басшысы ямаса тергеў бөлимшеси баслығы ямаса прокурор тәрепинен тийисли тәртипте тәсир етиў шаралары қолланылыўы мүмкин[2].

Бундай тәсир етиў шаралары төмендегилерден ибарат болыўы мүмкин:

- сөгис;
- лаўазымынан азат етиў ямаса басқа лаўазымға жибериў;
- топар ағазлығынан шығарып таслаў ҳ.т.б.

Лекин, бундай тәсир етиў шаралары тергеў топары баслығы ўәкилликлери көрсетилген Жынаят-процессуал кодекстиң 355-статьясында көрсетип өтилмеген.

---

[1] Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997. – Б. 178-179.
[2] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 557.

Солай етип, тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери ҳәм оны әмелге асырыў тәртибин илимий талқылаў тийкарында айтып өтиўимиз мүмкин болған ҳалат, бул тергеў топары баслығының кең ўәкилликлерге ийе екенлиги. Бул ўәкилликлер тергеў топары баслығына дәслепки тергеўди сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге асырыўға жәрдем береди. Лекин, пикиримше, тергеў топары баслығы ўәкиллиги жәнеде кеңейтиўди талап ететуғын процессуал мәселе болып табылады. Яғный, тергеў топары баслығының тергеў ағзасы болған тергеўшиге тәсир етиў шарасы жынаят-процессуал нызамшылықта анық белгиленбеген, тек ғана айырым әдебиятларда «тийисли тәсир етиў шарасын көриўи мүмкин» делинген[1]. Сонлықтан, тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери көрсетилген Жынаят-процессуал кодекстиң 355-статьясын төменлдеги сегизинши бәнт пенен толтырыў мақсетке муўапық:

**«8) тергеў топары баслығы өз көрсетпелерин орынлаўдан тийкарсыз бирнеше рет бас тартып атырған ямаса орынлаўды қастан кешиктирип атырған топар ағзасы болған тергеўшини топар ағзалығынан шығарады ҳәм оған қарата сөгис, лаўазымынан азат етиў, басқа төменирек лаўазымға өткериў ҳаққында тергеўшиниң ҳәкимшилик жақтан баслығына усыныс етеди.»**

Пикиримше, бул усыныс тергеў топары баслығының процессуал ўәкиллигин кеңейттиреди ҳәм оның ҳуқықый ҳалатын жақсылайды. Бул болса, өз гезегинде, дәслепки тергеўдиң тергеў топары тәрепинен және де сыпатлы, анық ҳәм тез алып барылыўыны хызмет етиўи мүмкин.

Тергеў топары баслығы дәслепки тергеўди ретлестириўдеги функциясының тийкарғы элементлериниң бири тергеўши жумысларына процессуал басшылық етиў ҳәм қадағалаў болып есапланады. Оған: конкрет тергеў дүзилисин ҳәр бир тергеўшиниң дурыс анықлаўын тексериў;

---

[1] Бул ҳаққында толығырақ қараң: Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 557-558.

кемшиликлерди сапластырыў илажларын көриў; ушырасқан қыйыншылықларды жеңип өтиўде тергеўшилерге жәрдем бериў; нызам бузылыўына тыйым салыў; жынаят ислери бойынша тергеўшилерге жазба көрсетпелер бериў киреди. Ҳәр тәреплеме, объектив ҳәм толық тергеўди тәмийинлеў мақсетинде тергеў органы баслығы бәринен де бурын тергеўшиниң ҳәр бир конкрет тергеў дүзилисин дурыс дүзиўин қадағалаўы тийис. Бул қадағалаў ҳәр қыйлы формаларда жүргизилиўи мумкин. Қурамалы тергеўлерде, дәслепки ҳәрекетлер көлеми жүдә көп болғанда тергеў бөлими баслығы гейде тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўде қатнасады. Дәслепки тексериў жағдайында ол жынаят исин қозғаў мәселесин додалаўда қатнасыўы, тергеў дүзилисин анықлаўда тергеўшиге жәрдем бериўи мүмкин. Бундай жағдайларда дәслепки тергеўге басшылық етиў ҳәм қадағалаў ҳәрекетлери тиккелей әмелге асырылады[1].

Тергеўшилер топары ағзасы баслықтың көрсетпесин нызамға қайшы келеди деп есапласа, өз келиспеўшиликлерин ямаса пикирлерин тергеў топары баслығына жазба рәўиште билдириўи лазым. Жазба рәўиште билдирилген наразылық еки нусхада жазылып, бир нусхасы тергеўшилер топары баслығына тапсырылады,екиншинусхасы болса тергеўшилер топары ағзасында сақланады[2].

Тергеўшилер топары баслығы тергеў топары ағзасының наразылықларын көрип шығып, төмендеги мазмундағы қарарлардң бирин қабыл етеди:

- тапсырма ямаса көрсетпени бийкар қылыў;
- тапсырма ямаса көрсетпени орынлаў ушын басқа тергеўшиге тапсырыў;
- тийисли тергеў ҳәрекетин жеке өзи орынлаў.

---

[1] Пособие для следователя: расследование преступлений повышенной общественной опасности. – М.: Изд-во «Лига-разум», 1999. – Б. 21-29.

[2] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 558.

Тергеўшилер топары баслығы тергеў топары ағзасының наразылықлары бойынша қабыл еткен қарар тергеўшилер топары баслығы тәрепинен топар ағзасына жазба рәўиште дағазаланады.

Топар ағзасы болған тергеўши тергеўшилер топарының баслығы тәрепинен қабыл етилген қарардан наразы болса, өз наразылықларын жынаят иси бойынша бақлаўды әмелге асырып атырған прокурорға жеткереди ҳәм прокурор үзил-кесил қарар қабыл етеди.

Тергеў топары баслығының процессуал ҳалатын илимий талқылаўда топар ағзасы болған тергеўши менен топар баслығы ортасындағы процессуал мүнәсибетлер болып табылады. Бул орында айтып өтиўимиз тийис, тергеўши жынаят процессиниң лаўазымлы шахс болыўы менен бир қатарда, процессуал жақтан ғәрезсиз болып табылады. Демек, тергеўши қандай ҳалат болса да,өз ғәрезсизлигин сәқлап қалыўы лазым. Лекин, тергеў топары баслығы ҳәм бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор менен өз-ара процессуал мүнәсибетлерде тергеўшиниң өз ғәрезсизлигин сақлап қалыўы қыйын кешеди.

Айырықша итибар қаратыўымыз лазым болган мәселелердиң бири, бул тергеўшиниң бийғәрезлиги судьялардың бийғәрезлигинен парық қылыныўы болып саналады. Судьяларға ҳеш ким, мәмлекеттиң ҳеш бир органы, ҳәтте жоқары турыўшы суд та олардың өндирисиндеги исти қалай шешиў бойынша көрсетпелер бере алмайды. Тергеўшиге болса прокурор жынаят исиндеги ҳәр қандай мәселе бойынша көрсетпелер береди ҳәм бул тергеўши ушын мәжбүрий болып есапланады.

Бирақ бул көрсетпелер еки шәрт негизинде мәжбүрий болып есапланады. Биринширден, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 37-статьясы үшинши бөлими, сондай-ақ 382-статьясының үшинши ҳәм төртинши бөлимлерине муўапық прокурордың көрсетпелери тек жазба түрде берилген болса, тергеўши ушын мәжбүрий болып есапланады. Бул техникалық талап емес, ал процессуал-ҳуқықый талап

болып, оның мәниси соннан ибарат, прокурор тергеўшиге өз көрсетпелерин жазба түрде дүзип, соның менен олардың нызамлылығын ҳәм тийкарлылығын және тергеўши тәрепинен олардың орыланыўы нәтийжесинде келип шыққан ақыбет ушын да жуўапкер болады. Прокурордың жазба көрсетпелери процессуал ҳүжжет болып, иске қосып қойылады. Екиншиден, прокурор тәрепинен берилген көрсетпелер ҳәр түрли тергеў ҳәрекетлерин өткериў ҳаққында усыныс мазмунында берилип, тергеўшини ис ҳалатлары бойынша белгили бир жуўмақ шығарыўға мәжбүр етпесе де, тергеўши ушын мәжбүрий болып есапланады. Буның мәниси соннан ибарат, егер прокурор тергеўшиге ол яки бул ҳалатты анықлаўды, мәселе бойынша экспертиза өткериўди, қандай да бир шахсты сораў қылыўды усыныс етсе, тергеўши бундай көрсетпелерге разы болмаса да оларды тоқтатпастан орынлаўы лазым[1].

Соныда айтып өтиўимиз лазым, жынаят-процессуал нызамшылыққа муўапық, тергеўши кейин-ала бул көрсетпелер үстинен жоқарғы прокурорға шағым берилиўи мүмкин. Егер прокурор берген көрсетпелер тергеўдиң мазмуны ҳәм нәтийжесине тийисли болса, онда прокурор тергеўшиниң өз исенимине қарсы шығыўына мәжбүр ете алмайды. Сонлықтан Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 36-статьясы үшинши бөлимине муўапық, тергеўши прокурордың: шахсты иске айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққындағы; жынаятты квалификация қылыў; айыплаў көлемин белгилеў; қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы илтимаснаманы қозғатыў; амнистия актине муўапық жынаят исин қозғатыўдан бас тартыў ҳаққындағы ямаса жынаят исин тамамлаў ҳаққында судқа илтимаснама киритиў бойынша прокурорға усыныў киргизиў; исти судқа жибериў; исти тамамлаў; тамамланған жынаят исин қомысша тергеўге қайтарыў ҳаққындағы көрсетпелерине разы болмаса,

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 72.

өз қарсылықларын жазба түрде баян еткен ҳалда жоқары турыўшы прокурорға бериўге ҳақылы. Бундай жағдайда төменги прокурордың көрсетпесин жоқарғы прокурор өз қарары менен я бийкарлайды ямаса ис бойынша тергеў жүргизиўди басқа тергеўшиге тапсырады. Жынаят-процессуал нызамның бул тәртибин булжытпай орынлаў тергеўшиниң ҳақыйқатында да еркин ҳәм бийғәрез болыўына кепиллик береди. Тергеўши прокурор көрсетпелериниң техникалық орынлаўшысы емес, ол бийғәрез процессуал шахс, ол нызам менен ҳуқық ҳәм миннетлер жүкленген жынаят-процессуал жумысларының бийғәрез субъекти болып есапланады[1].

Тергеў топары ҳаққында илимий талқылаў ўақтында тергеў топарының ис хызметине уқсас болған және бир жынаят-процессуал мәселе – тергеў ҳәрекетлериниң бирнеше тергеўши тәрепинен орынланыў мәселеси болып табылады. Улыўма тәртипте, тергеў ҳәрекетлериниң бирнеше тергеўши тәрепинен орынланыўы бул тергеў топары сыяқлы турақлы мақсетлерде дүзилмейди, ал тек ғана айырым тергеў ҳәрекетлериниң ямаса бир тергеў ҳәрекетин орынлаў мақсетинде дүзиледи.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 357-статьясына муўапық, айырым шараятларда ямаса белгили бир мақсетлерде көзден кешириў, тинтиў, эксперимент ямаса басқа тергеў ҳәрекетлерин өткериў ўақтында оның қатнасыўшылары бир ўақыттың өзинде түрли бинәларда ямаса орынларды болыўы, сондай-ақ бир-биринен бирқанша дәрежеде узақласыўлары, сонын менен бирге, тергеў ҳәрекетлерин жүритиўде бирқанша қатнасыўшылардың ямаса тергеўге қатнасыўшы шахсларды гүзетиў тәмийинлениўи лазым болып қалса, тергеў ҳәрекетлерин бирнеше тергеўши ямаса тергеўшинин өзи оған жәрдем берип атырған сорастырыўшылар менен бирге әмелге асырыўы мүмкин. Бунда

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 69-71.

тергеўшилерден бири қалған тергеўшилер, сорастырыўшылар ҳәм басқа тергеў ҳәрекетлдери қатнасыўшылары үстинен басшылық қылады.

## Екинши бап бойынша жуўмақлаў

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекстиң 354-статьясына муўапық жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тергеўшилер топары баслығына тапсырыў тәртиби келтирип өтилген. Бул статьяғы муўапық, жынаят иси көп мийнетти талап етсе, жынаят иси қурамалы, жүдә әҳмийетли болса, прокурор яки тергеў бөлимшесиниң баслығы тап усы ис бойынша дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыўы мүмкин. Бундай тапсырма ҳаққында қарар шығарылыўы лазым болып, онда тергеў топарының баслығ ҳәм ағзалары көрсетип өтиледи. Егер дәслепки тергеўди тергеўшилер топарына тапсырыў ҳаққындағы қарар жынаят исин қозғатыў ҳаққындағы қарар менен бир ўақыттың өзинде қабыл етилген болса, ҳәр еки мәселе бир қарардың өзинде баян етиледи. Топар қурамындаөзгерислер болған ўақытта ямаса топар баслығ өзгертирилгенде қарар шығарылады.

Демек, жынаят иси жүдә кең болып, ол көп эпизодлы, қурамалы ямаса жүдә қыйын болса, сондай-ақ, ис жүдә көпшилик тәрепинен ямаса шөлкемлесткен топарлар тәрепинен исленген болса ҳәм дәслепки тергеўди жүритиўди бирнеше тергеўшиге тапсырыў лазым болса, дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыў ҳаққында қарар шығарылады. Бул қарар прокурор тәрепинен ямаса тергеў бөлими баслығы тәрепинен шығарылыўы мүмкин. Қарарда тергеўшилер топарына кирген ҳәр бир тергеўшиниң лаўазымы, аты, фамилиясы жазылыўы керек.

Тергеўшилер топары ағзалары болған ҳәр бир тергеўши өзлерине жүклетилген процессуал функцияларды орынлап барады. Лекин, тергеўшиниң топар ағзасы сыпатындағы ўәкилликлерин тереңирек түсиниў

ушын «процессуал функция» түсинигине айрықша итибар бериўимиз лазым. Жынаят-процессуал нызамшылығында процессуал функция деген түсиникке (ямаса терминге) айрықша тоқтап өтип, түсиндирмелер берип өтпеген. Бирақ, жынаят-процессуал илиминде ҳәм әдебиятларда бул термин ҳаққында көплеген илимпазлардың пикирлерин ушыратыўымызға болады, сонлықтан процессуал функция түсинигиде ҳәр турли аспектлерде түсиндириледи.

Солай етип, дәслепки тергеўди алып барыўшы тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты төмендегише: тергеў топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеўшиге тиккелей басшылық етеди; тергеў топары баслығы тергеў режесин дүзип шығады ҳәм реже тийкарында топар ағзалары болған тергеўшиге тапсырмалар береди; тергеў топары баслығы дәслепки тергеўдиң анық ҳәм сапалы алып барылыўына жуўапкер болады; тергеў топары баслығы топар ағзасы болғантергеўшиден процессуал жоқары ҳалатда болады; тергеў топары баслығы тергеў бөлимшеси ямаса басқармасы баслығына, сондай-ақ бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор алдында есабат береди; тергеў топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеўшиге буйрық ҳәам көрсетпелер бериўге ҳақылы.

Улыўма алғанда, тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты оның дәслепки тергеўдеги орнын белгилеп бериў менен бир қатарда оның тергеў топары ишиндеги ҳуқықый ҳалатын анықлайды. Процессуал қағыйда бойынша, тергеў топары баслығы сыпатында топар ағзалырына салыстырғанда үлкен ис тәжирийбесине ийе ҳәм хызмет бойынша тийисли жарлықларға ийе болған тергеўши тайынланады

Тергеўшилер топары баслығы исте өзи басшылық етип атырған тергеўшилерге эпизодлар ямаса айыпланыўшылар дизими бойынша ямаса аралас усылда ўазыйпаларды бөлистирип береди. Өз гезегинде, топар ағзалары болған тергеўшилер болса топар басшысының тапсырмасын, көрсетпесин нызамға қылап ҳәм тийкарсыз деп есапласа өзлериниң қарсы пикирлерин бериўге ҳақылы. Топар басшысы болса бул қарсы пикирлерди

көрип шығып, яки өз тапсырмасы ҳәм көрсетпелерин бийкар етеди ямаса оны орынлаў ушын басқа тергеўшиге береди яки оны өзи орынлайды. Топар басшысының қарарынан наразы болған тергеўши прокурорға шағым етиўге ҳақылы. Прокурор болса үзил-кесил қарар қабыл етеди. Айырым жағдайларда бир тергеў ҳәрекетин бир неше тергеўшилер орынлайды. Бундай жағдайда тап усы тергеў ҳәрекетин өткериў ушын жуўапкер болған тергеўши тайынланады.

Итибар бериўимиз лазым болған мәселе, бул тергеў топары баслығы ҳәм оның орынбасарларының дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслардан есапланады. Тергеў топары баслығы ҳәм оның орынбасарлары тергеў органның жумысларын шөлкемлестириўге улыўма басшылық етеди, оны басқарады ҳәм өзине бойсынатуғын ҳәр бир тергеўшиниң шөлкемлестириў функцияларын оптимал әмелге асырыўына жәрдем береди. Демек, тергеў аппараты баслығының шөлкемлестириў функциясын илимий талқылаўда ҳәр қыйлы уйымларда тергеў бөлимлериниң бар екенлигинен келип шығыў керек, яғный, Ишки ислер министрлиги, Прокуратура, Миллий қәўипсизлик хызмети. Бул уйымларда дәслепки тергеўди шөлкемлестириў мазмуны көбинесе уқсас болады.

## Жуўмақлаў

Жынаят-процессуал нызамшылығына муўапық, дәслепки тергеўди Өзбекстан Республиксының Ишки ислер министрлиги, Прокуратурасы ҳәм Миллий қәўипсизлик хызмети тергеўшилери әмелге асырады. Жынаят процессинде дәслепки тергеў субъектлери – булар дәслепки тергеўди шөлкемлестириўши ҳәм оны әмелге асырыўшы лаўазымлы шахслар болып есапланады. Бундай лаўазымлы шахслар қатарына төмендегилер киреди: прокурор; тергеўши; тергеў басқармасы, бөлими, бөлимшеси, топары баслығы ҳәм оның орынбасарлары киреди. Сорастырыўшы тергеў ҳәрекетлерин тек ғана жоқарыда көрсетип өтилген шахслардың тапсырмасы тийкарында әмелге асырыўы мүмкин. Дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли ең тийкарғы лаўазымлы шахс – тергеўши болып есапланады. Белгили бир процессуал фигура сыпатында тергеўшиге жынаят исин толық ҳәм ҳәр тәреплеме тергеў ушын жынаят-процессуал нызамында көрсетилген барлық шараларды көриўге, процессуал ҳәм тергеў ҳәрекетлерин бийғәрез әмелге асырыўға, топланған дәлийиллерден келип шығып жуўмақлар шығарыўға ўәкиллик берилген. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыўда кең процессуал статусқа ийе болған шахслардың ең тийкарғысы болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекстиң 354-статьясына муўапық жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тергеўшилер топары баслығына тапсырыў тәртиби келтирип өтилген. Бул статьяға муўапық, жынаят иси көп мийнетти талап етсе, жынаят иси қурамалы, жүдә әҳмийетли болса, прокурор яки тергеў бөлимшесиниң баслығы тап усы ис бойынша дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыўы мүмкин. Бундай тапсырма ҳаққында қарар шығарылыўы лазым болып, онда тергеў топарының баслығ ҳәм ағзалары көрсетип өтиледи. Егер дәслепки тергеўди тергеўшилер топарына тапсырыў ҳаққындағы қарар жынаят исин қозғатыў ҳаққындағы қарар менен бир

ўақыттың өзинде қабыл етилген болса, ҳәр еки мәселе бир қарардың өзинде баян етиледи. Топар қурамында өзгерислер болған ўақытта ямаса топар баслығы өзгертирилгенде қарар шығарылады.

Демек, жынаят иси жүдә кең болып, ол көп эпизодлы, қурамалы ямаса жүдә қыйын болса, сондай-ақ, ис жүдә көпшилик тәрепинен ямаса шөлкемлесткен топарлар тәрепинен исленген болса ҳәм дәслепки тергеўди жүритиўди бирнеше тергеўшиге тапсырыў лазым болса, дәслепки тергеўди жүритиўди турақлы ямаса арнаўлы дүзилген тергеў топарына тапсырыў ҳаққында қарар шығарылады. Бул қарар прокурор тәрепинен ямаса тергеў бөлими баслығы тәрепинен шығарылыўы мүмкин. Қарарда тергеўшилер топарына кирген ҳәр бир тергеўшиниң лаўазымы, аты, фамилиясы жазылыўы керек.

Тергеўшилер топары ағзалары болған ҳәр бир тергеўши өзлерине жүклетилген процессуал функцияларды орынлап барады. Лекин, тергеўшиниң топар ағзасы сыпатындағы ўәкилликлерин тереңирек түсиниў ушын «процессуал функция» түсинигине айрықша итибар бериўимиз лазым. Жынаят-процессуал нызамшылығында процессуал функция деген түсиникке (ямаса терминге) айрықша тоқтап өтип, түсиндирмелер берип өтпеген. Бирақ, жынаят-процессуал илиминде ҳәм әдебиятларда бул термин ҳаққында көплеген илимпазлардың пикирлерин ушыратыўымызға болады, сонлықтан процессуал функция түсинигиде ҳәр турли аспектлерде түсиндириледи.

Солай етип, дәслепки тергеўди алып барыўшы тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты төмендегише: тергеў топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеўшиге тиккелей басшылық етеди; тергеў топары баслығы тергеў режесин дүзип шығады ҳәм реже тийкарында топар ағзалары болған тергеўшиге тапсырмалар береди; тергеў топары баслығы дәслепки тергеўдиң анық ҳәм сапалы алып барылыўына жуўапкер болады; тергеў топары баслығы топар ағзасы болғантергеўшиден процессуал жоқары ҳалатда болады; тергеў топары баслығы тергеў бөлимшеси ямаса басқармасы

баслығына, сондай-ақ бақлаўды әмелге асырыўшы прокурор алдында есабат береди; тергеў топары баслығы топар ағзалары болған ҳәр бир тергеўшиге буйрық ҳәам көрсетпелер бериўге ҳақылы.

Улыўма алғанда, тергеў топары баслығының процессуал ҳалаты оның дәслепки тергеўдеги орнын белгилеп бериў менен бир қатарда оның тергеў топары ишиндеги ҳуқықый ҳалатын анықлайды. Процессуал қағыйда бойынша, тергеў топары баслығы сыпатында топар ағзалырына салыстырғанда үлкен ис тәжирийбесине ийе ҳәм хызмет бойынша тийисли жарлықларға ийе болған тергеўши тайынланады

Тергеўшилер топары баслығы исте өзи басшылық етип атырған тергеўшилерге эпизодлар ямаса айыпланыўшылар дизими бойынша ямаса аралас усылда ўазыйпаларды бөлистирип береди. Өз гезегинде, топар ағзалары болған тергеўшилер болса топар басшысының тапсырмасын, көрсетпесин нызамға қылап ҳәм тийкарсыз деп есапласа өзлериниң қарсы пикирлерин бериўге ҳақылы. Топар басшысы болса бул қарсы пикирлерди көрип шығып, яки өз тапсырмасы ҳәм көрсетпелерин бийкар етеди ямаса оны орынлаў ушын басқа тергеўшиге береди яки оны өзи орынлайды. Топар басшысының қарарынан наразы болған тергеўши прокурорға шағым етиўге ҳақылы. Прокурор болса үзил-кесил қарар қабыл етеди. Айырым жағдайларда бир тергеў ҳәрекетин бир неше тергеўшилер орынлайды. Бундай жағдайда тап усы тергеў ҳәрекетин өткериў ушын жууапкер болған тергеўши тайынланады.

Тергеў топары баслығы ҳәм оның орынбасарларының дәслепки тергеўди алып барыўға ўәкилликли лаўазымлы шахслардан есапланады. Тергеў топары баслығы ҳәм оның орынбасарлары тергеў органның жумысларын шөлкемлестириўге улыўма басшылық етеди, оны басқарады ҳәм өзине бойсынатуғын ҳәр бир тергеўшиниң шөлкемлестириў функцияларын оптимал әмелге асырыўына жәрдем береди. Демек, тергеў аппараты баслығының шөлкемлестириў функциясын илимий талқылаўда ҳәр

қыйлы уйымларда тергеў бөлимлериниң бар екенлигинен келип шығыў керек, яғный, Ишки ислер министрлиги, Прокуратура, Миллий қәўипсизлик хызмети. Бул уйымларда дәслепки тергеўди шөлкемлестириў мазмуны көбинесе уқсас болады.

Тергеў топары баслығы дәслепки тергеўди ретлестириўдеги функциясының тийкарғы элементлериниң бири тергеўши жумысларына процессуал басшылық етиў ҳәм қадағалаў болып есапланады. Оған: конкрет тергеў дүзилисин ҳәр бир тергеўшиниң дурыс анықлаўын тексериў; кемшиликлерди сапластырыў илажларын көриў; ушырасқан қыйыншылықларды жеңип өтиўде тергеўшилерге жәрдем бериў; нызам бузылыўына тыйым салыў; жынаят ислери бойынша тергеўшилерге жазба көрсетпелер бериў киреди. Ҳәр тәреплеме, объектив ҳәм толық тергеўди тәмийинлеў мақсетинде тергеў органы баслығы бәринен де бурын тергеўшиниң ҳәр бир конкрет тергеў дүзилисин дурыс дүзиўин қадағалаўы тийис. Бул қадағалаў ҳәр қыйлы формаларда жүргизилиўи мумкин. Қурамалы тергеўлерде, дәслепки ҳәрекетлер көлеми жүдә көп болғанда тергеў бөлими баслығы гейде тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўде қатнасады. Дәслепки тексериў жағдайында ол жынаят исин қозғаў мәселесин додалаўда қатнасыўы, тергеў дүзилисин анықлаўда тергеўшиге жәрдем бериўи мүмкин. Бундай жағдайларда дәслепки тергеўге басшылық етиў ҳәм қадағалаў ҳәрекетлери тиккелей әмелге асырылады.

Тергеўшилер топары ағзасы баслықтың көрсетпесин нызамға қайшы келеди деп есапласа, өз келиспеўшиликлерин ямаса пикирлерин тергеў топары баслығына жазба рәўиште билдириўи лазым. Жазба рәўиште билдирилген наразылық еки нусхада жазылып, бир нусхасы тергеўшилер топары баслығына тапсырылады,екинши нусхасы болса тергеўшилер топары ағзасында сақланады.

Солай етип, тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери ҳәм оны әмелге асырыў тәртибин илимий талқылаў тийкарында айтып өтиўимиз

мүмкин болған ҳалат, бул тергеў топары баслығының кең ўәкилликлерге ийе екенлиги. Бул ўәкилликлер тергеў топары баслығына дәслепки тергеўди сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге асырыўға жәрдем береди. Лекин, пикиримше, тергеў топары баслығы ўәкиллиги жәнеде кеңейтиўди талап ететуғын процессуал мәселе болып табылады. Яғный, тергеў топары баслығының тергеў ағзасы болған тергеўшиге тәсир етиў шарасы жынаят-процессуал нызамшылықта анық белгиленбеген, тек ғана айырым әдебиятларда «тийисли тәсир етиў шарасын көриўи мүмкин» делинген. Сонлықта, , тергеў топары баслығының процессуал ўәкилликлери көрсетилген Жынаят-процессуал кодекстиң 355-статьясын төменлдеги сегизинши бәнт пенен толтырыў мақсетке муўапық:

**«8) тергеў топары баслығы өз көрсетпелерин орынлаўдан тийкарсыз бирнеше рет бас тартып атырған ямаса орынлаўды қастан кешиктирип атырған топар ағзасы болған тергеўшини топар ағзалығынан шығарады ҳәм оған қарата сөгис, лаўазымынан азат етиў, басқа төменирек лаўазымға өткериў ҳаққында тергеўшиниң ҳәкимшилик жақтан баслығына усыныс етеди.»**

Пикиримше, бул усыныс тергеў топары баслығының процессуал ўәкиллигин кеңейттиреди ҳәм оның ҳуқықый ҳалатын жақсылайды. Бул болса, өз гезегинде, дәслепки тергеўдиң тергеў топары тәрепинен және де сыпатлы, анық ҳәм тез алып барылыўыны хызмет етиўи мүмкин.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР.

## I. БАСШЫЛЫҚҚА АЛЫНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Каримов И.А. Ўзбекистонда демократик ўзгаришларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти асосларини шакллантиришнинг асосий йуналишлари. // Халқ сўзи. 2002 йил 30 август.

2. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ қилиш. – Т.: Ўзбекистон, 2005.

3. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқи ва эркинликлари ҳамда манфаатлари – энг олий қадрият. // Ўзбекстон Республикаси Президентининг Ўзбекстон Республикаси Конституцияси 13 йиллигига бағишланган тантанали маросимда 2005 йил 8 декабрда сўзлаган маърузаси.

4. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

5. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиздир. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

6. Каримов И.А. “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси” / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрдаги қўшма мажлисидаги сўзлаган маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 13 ноябр. №220(5135).

7. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

8. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012.

9. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош

мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

## II. ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲУЖЖЕТЛЕР

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: Ўзбекистон, 2012.
2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. - Нөкис: Билим, 2005.
3. Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2012.
4. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2012.
5. Ўзбекистон Республикаси «Судлар тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2001. №1-2.
6. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг «Гумон қилинувчи ва айбланувчини ҳимоя ҳуқуқи билан таъминлашга оид қонунларни қўллаш бўйича суд амалиёти тўғрисида»ги 2003 йил 19 декабрдаги 17-сонли қарори.
7. Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами. 1991-2006 йй. // Н.З.Тошматовнинг умумий таҳрири остида чоп этилди. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий Суди, 2007.

## III. АРНАЎЛЫ ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абдумажидов Ғ.А. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври. – Т.: Адолат, 2002.
2. Алимова Р., Отахўжаев С. Суд экспертизасини ташкил қилиш ва ўтказиш масалалари. Ўқув қўлланма. Маъсул муҳаррир: проф. М.Ҳ.Рустамбаев. – Т.: Янги аср авлоди, 2001.
3. Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997.

4. Белезоров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий: учебное пособие. – М.: Изд-во МГУ, 1990.

5. Жиноят процесси: дарслик. Умумий қисм. / З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2008..

6. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври // Муаллифлар: А.А.Полвон-зада., Ғ.А.Абдумажидов ва б. – Т.: Адолат, 2002.

7. Звягинцева Л.М., Плюхина М.А., Решетникова И.В. Доказывание в судебной практике по гражданским делам: Учебно-практическое пособие. – М.: НОРМА, 2000.

8. Зорин Г.А. Теоритические основы криминалистики. – Минск: Амалфия, 2000.

9. Иномжонов Ш.Х. Жиноят процессида далиллар такдим қилиш ва фойдаланиш муаммолари. -Т.: Адолат. 2003.

10. Казинян Г.С., Соловьев А.Б. Проблемы эффективности следственных действий. – Ереван, 1987.

11. Ленский А.В., Трубникова Т.В., Якимович Ю.К. Дифференциация уголовного процесса / Под.общ. ред. Проф. М.К.Свиридова. – М.: Экономическое образование, 2000.

12. Мадалиев О.М. Жиноят ишларини биринчи инстанция судларида кўрилишида прокурор иштироки. – Тошкент: ТДЮИ, 2005.

13. Мухаммадинов М. Ички ишлар идоролари ходимларининг касб этикаси ва эстетик маданияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: ИИВ Академияси, 1998.

14. Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, НМИУ, 2009.

15. Пўлатов Б.Х. Судларда жиноят ишлари кўрилишида прокурорнинг процессуал фаолияти: ўқув қўлланмаси. – Т.: NISIM, 2004.

16. Рахунов Р.Д. Свидетельские показания в уголовном процессе. - М.: Наука, 1995.

17. Салиев Ю. Раскрытие преступлений как уголовно-процессуальная функция: учебное пособие.-Т.: 1991.

18. Саломов Б. Жиноят ишларида адвокатнинг иштироки. – Т.: Адолат, 2007.

19. Селезнев А.И. Следственные действия: процессуальная характеристика, тактические и психологические особенности. – М.: Юридическая лиетарутар. 1994.

20. Селиванов Н.Л. Руководство для следователя: учебное пособие. – М.: ИПК «Лига Разума», 1997.

21. Тулаганова Г.З. Жиноят процессида мажбурлов ва унинг ўзига хос хусусиятлари: монография. / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009.

22. Тухташева У. Жиноят процессида апелляция: ўқув қўлланма. / М.Ҳ.Рустамбоевнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2004.

23. Уголовный процесс. Учебник для студентов юридических вузов и факультетов. Под редакции. К.Ф. Гуценко. Издания 4-е, прераб.., допол. – М: Зерцало 2000.

24. Уголовный процесс: (Общая часть): Учебник для вузов / Под ред. Е.Н.Никифоровой. – Т.: «Адолат», 2000.

25. Уголовный процесс: Общая часть. Учебное пособие. / Автор-сост.: к.ю.н. У.А.Тухташева. – Т.: ТГЮИ, 2007.

26. Уголовный процесс: учебник. Под. ред. Л.М.Карнеева. - М.: Юридическая литература, 1980.

27. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.

28. Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.А.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009.

29. Хабибуллаев Д.Ю. Фуқаролик процессуал ҳуқуқининг тамойиллари ва уларни суд амалиётида тадбиқ этиш муаммолари. Монография // ю.ф.д., проф. Ш.Ш.Шораҳмедовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ. 2008.

30. Хидоятов Б.Б. Следственные действия, проводимые в уголовном процессе: учебное пособие. – Т.: Издательство ТГЮИ, 2006.

31. Шейфер С.А. Следственные действия: система и процессуальная форма. 2-е изд. испр. и доп. – М.: Юрлитинформ, 2001.

32. Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 51. Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997.

33. Юридический словарь / Сост., предсл., прилож. А.Ф.Никитина. – М.: «ОЛМА-ПРЕСС» Образование, 2004.

## IV. ИЛИМИЙ МАҚАЛАЛАР ҲӘМ ТЕЗИСЛАР

1. Изотова О. Обжалование в суд следственных действий // Законность. 1996. -№8. –Б. 46

2. Исаров Қ.И. Одил судловни амалга оширишда суд экспертизасининг ўрни // “Ўзбекистонда суд экспертизасининг ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги Республика идоралараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б. 14.

3. Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79

4. Колоколов Н.А. Судебный контроль в стадии предварительного расследования: реальность и перспективы. // Государство и право. 1998. №3. –Б. 31-39

5. Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида ишга жалб қилиш тўғрисидаги қарорда далиллардан фойдаланиш // ТДЮИ Ахборотномаси. 1/2009. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 93-94

6. Мадалиев О. Суд қарори нусхасини прокурор ва ҳимоячига берилиш муаммоси // ТДЮИ Ахборотномаси. 1/2009. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 88-89

7. Муҳитдинов Р.А. Жиноятчиликка қарши курашда суд экспертизасининг роли // “Ўзбекистонда суд экспертизанинг ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги Республика идоралараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б.13.

8. Отахўжаев С.А. Суд экспертизасининг ҳозирги босқичдаги долзарб муаммолари // “Ўзбекистонда суд эксперт изасининг ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги Республика идоралараро илмий-амалий конференция материаллари. – Тошкент, 2006. – Б. 24.

9. Пулатов Ю.С. Экспертизага жўнатилиши керак бўлган материаллар, моддалар ва буюмларга оид ҳужжатли маълумотларнинг хусусиятлари // “Суд экспертиза ютуқлари ва ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги илмий-амалий конференция. – Тошкент, 2001. – Б. 39.

10. Тулаганова Г. Жиноят процесси иштирокчиларининг хавфсизлигини таъминлаш // ТДЮИ Ахборотномаси. 1/2009. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б.91-93

11. Тулаганова Г.З. Тергов ҳаракатлари ва мажбурлов // Ж. Адвокат. 2007. 2-сон. – Б. 14-17

12. Усманов М.А. Сўриштирув ва дастлабки тергов босқичларида фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларига риоя этилиши устидан прокурор назоратининг аҳамияти ҳамда вазифалари // Ёш олимлар илмиий мақолалари тўплами. 1/2010. – Т.: ТДЮИ, 2010. – Б. 205.

13. Эшмурадов Б.Э., Рустамов Р.А. Ҳуқуқни муҳофаза қилувчи органларнинг инсон ҳуқуқлари ва эркинликларини таъминлаш борасидаги фаолиятининг ҳуқуқий асосларини такомиллаштириш масалалари // «Ҳуқуқдаги бўшлиқлар ва уларни бартараф этиш муаммолари» мавзусидаги Республика илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 374.

## V. ДИССЕРТАЦИЯ ҲӘМ АВТОРЕФЕРАТЛАР

1. Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действии и решениями прокурора и органов расследования, ограничивающими конституционные прав и свобод граждан в уголовном процессе России // Дисс… канд… юрид… наук. по спец.: 12.00.09. – М.: 1998. – Б. 25.